Октябрь Революцэ Иныр илъэси 100 ирокъу

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№214 (23.622) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 8, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Президент Путин Владимир Къабэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм къехъуэхъуащ ЦІыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэмкІэ

Къабэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

ЦІыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэмкІэ сынывохъуэхъу.

ЛІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ ди цІыхубзм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымкІэ гугъуехьхэр къыдэкІынымкІэ, къэрал иныр зехьэнымкІэ дэІэпыкъуэгъуу къокІуэкІ хэкур фІыуэ лъагъуныр, абы и цІыху пэжу щытыныр, ди тхыдэм пщІэ хуэщІыныр.

МыкІуэдыжьын апхуэдэ фІыгъуэхэм ди гур етауэ дызэрыщытым дэ ноби нэхъ лъэщ дещІ, Урысейм и екъуэлІэныгъэмрэ ефІэкІуэныгъэмрэ хуэгъэза сыт хуэдэ Іэхуми дытрегъэгушхуэ.

ФІыгъуэу щыІэр къывзхъулІэну си гуапэщ.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочиз лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Белавенцев О. Е. ЦІыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуа и къуэхъу

Си ныбжьэгъу, хэкуэгъу лъапІэхэ, Кавказ Ищхъэрэм и цІыхухэ!

ЦІыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

Ди адэжьхэм илъэс щІлІым щІигъу япэкІэ губзыгъагъэ зэрахэлъыр, щалъхуа щІыналъэр зыми Іэщ1эмылъу хъумэным зэрыхущІэкъур ягъэлъэгъуащ икІи хэкур зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжри, къэралыр кьагъэщІэрэщІэжащ, ягъэбыдащ.

Хэкум и къэкІуэнум теухуауэ жэуаплныгъэ ин зэрахьыр зэхащІыкІыри, абыхэм нэрылъагу къащІащ лъэпкъ, дин, лакъуэ зэщхьэщыкІыныгъэхэм нэхъыр цІыхубзм я зэкъуэтыныгъэр зэрынэхъ лъащыр. ЗэщІыгъуу гугъуехьхэр къызэранэкІщ, лэжьыгъэми зауэми текІуэныгъэхэр къыщахьри, урысей цІыхухэм къэрал лъэщ икІи ин яухуащ.

Мы махуэхэм дэ аргуэру ди нэгу щокІ хэкур фІыуэ лъагъуныр, зи гъащІэр быдэу зэпыщІа хъуа, лъэпкъ куэду зэхэт урысей цІыхубзм я зэкъуэтыныгъэр ди къэралым и дежкІэ тефэщІапІэ лъэщу зэрыщытыр икІи сыт хуэдэ гугъуехьхэри къызэнэкІынымкІэ ар дэІэпыкъуэгъу зэрыхъур.

Мамырыгъэм, зэныбжьэгъуэм, зэгъунэгъуфІу щытыным, зэкъуэтыным псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэм мыхьэнэшхуэ щІэщ. Ахэр къару мыкІуэщІыжу зэрыщытыр мыбы фІыуэ къащІигуроІуэ.

Нобэрей гуфІэгъуэ махуэм сынывохъуэхъу узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, фІыгъуэ, насып фиІэну, ди Хэку иным - Урысейм - и фІыгъуэм хуэунэтІауэ евгъэкІуэкІ емызэшых лэжьыгъэм екъуІэныгъэщІэхэр къыщыфхьыну!

Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ

● Обозревателым и псалъэ

Къыщиудын и пэкІэ вулканым щІы щІагъым пІалъэ кІыхькІэ зыщызэщІещІэ. ИтІанэ къибыргъуакІым къыпэщІэхуэ псори ирех щысхьыншэу икІи ІэубыдыпІэншэу. Абы ещхь гуэрым революцэхэр. Ахэр цІыхухэм я зэхуэмыдэныгъэмрэ я гъащІэм хэлъ мызахуагъэмрэ зэрагъэкІуэд иужьрей Іэмалщ икІи шынагъуэщ.

Зэманым къезэгъыжьыртэкъым

ХХ лІэщІыгъуэм Урысей империем бэм яхуэмыхьыж щытыкІэ щызэфІэуват. Ленин (Ульянов) Владимир и псалъэхэр зэдмыдзэкІы къэтхьынщи, «Верхи не могли, низы не хотели» щытыкІэр. Къэралым щыпсэухэм я мызакъуэу, дуней псом ильагъурт пащтыхьыгъуэ абрагъуэр зытет хабзэр зэманым къызэремызэгъыжыр. КъухьэпІэмкІэ ар нэхъ пасэу къыщыгурыІуэри, демократием щыхэкІуат: нэхъыбэм пащтыхьхэм я властыр хуабжьу щагъэмэщІат. Ауэ Урысейм псори къыщынэжат, курыт лІэщІыгъуэхэм зэрыщытауэ: мыбы хабзэри бзыпхъэри щызезыгъакІуэр «Зи ЩІыхьыр Лъагащэрт». 1861 гъэм пщылІыр щыІуагъэкІами, гъащІэм зэрызихъуэжа щыІэтэкъым - иджы капиталистхэм гуащІэрыпсэухэм, жыпІэнурамэ, я куІыр яшхырт. Урысейм хуэдэу лэжьакІуэхэр гугъу щрагъэхь къэгъуэтыгъуейт. Дауи, а псоми цІыхухэм я мыарэзыныгъэр зэщІагъаплъэрт. Ар и лъабжьэу сэмэгу къарухэр зи пашэ революцэ зэщІэхъееныгъэм зиукъуэдийрт. Утыку къихьакІэт социалист-революционерхэм (эсерхэм) я партыр, кадетхэр, нэгъуэщІхэр. Ахэр нахуэу лажьэрт. УеблІэмэ, эсерхэм 1905 гъэм Къэрал Думэм бжьыпэр щафыдауэ щытащ. ЗыхущІэкъури буржуазие хабзэхэм тетыну къэрал зэрауухуэнырт.

Іэухум нэгъуэщІу бгъэдыхьащ Лениным зэхиша РСДРП-р (Урысейм и Социал-демократие рабочэ партыр), зи япэ съездыр 1898 гъэм Минск щэхуу щекІуэкІар. Илъэситху дэкІри, 1903 гъэм Лондон щызэхуэса етІуанэ съездым къыщащта программэм занщІэу къыщыгъэлъэгъуат социализмэм хуэкІуэныр (щхьэтечу жыпІэмэ, мылъкур зейхэм кьатехауэ щызыфІэмыкІ зэхуэдэныр, псори хуитныгъэкІэ зэхуэдэныр, н.къ.). Я Іэхуу епГыкІэхэмкІэ зэтемыхуэу партым хэтхэр большевикрэ меньшевикыу зэкІэщІэкІащ. Ауэ ар щІэздзапІэ къудейт, псори къащыпэплъэр япэкІэт.

ИтІанэ-щэ?

1905 - 1907 гъэхэм екІуэкІа Япэ урыс революцэр зэхапІатІа иужь, куэдым я гугъэр хахьжат я хъуэпсапІэхэр къехъулІэныж. Зыми дахэ-дахэу ямыцІыху Японие къэрал мыиныр напэтехьу кьытекІуэми, империем кьиГъэлъэгъуат иджыри зэрыбыдэр. Абы къыдэкІуэуи революцэ зэщІэхъееныгъэм хэтхэр зэтехуэртэкъым я мурадхэмкІэ. Абы и щІыхьэтщ сэмэгу партхэр зэкъуагъэувэну зэрыхущІэкъуам зыри къызэримыкІар.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ

Щэкіуэгъуэм и 4-м Налшык къалэ щагъэлъэпІащ Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэр. Абы теухауэ Къэрал концерт гъэлъэгъуэпІэм дек къыщыззрагъэпэща зэхуэсым щыху мин бжыгъэхэр кьрихьэлІат. Махуэшхуэр яублащ Урысей Федерацэм и бэракъыр утыкум кьрахьэнымкІэ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм щекъуэхъум къыхигъэщащ:

- УРЫСЕЙМ зэгурыІуэу щопсэу лъэпкъ куэд. Аращ ди къэралышхуэр нэхъри дахэ, гъэщІэгъуэн зыщІыр. Ди гъащІэм нэхъ лъапІэ дыдэу хэтхэм ящыщщ зэкъуэтыныгъэмрэ зэкъуэшныгъэмрэ. Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ, абы щыхьэт техьуэ Іэхуигъуэ куэд ди нэгу щІэкІащ. Сыныбохъуэхъу нобэрей махуэшхуэмкІэ.

Къабэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт къыщыпсэльам жиІащ ди адэжьхэр зэкъуэту, Урысей къэралыгъуэм хуэпэжу къызэрыгъуэгурыкІуар, абыхэм кьытхузэранэкІа зэныбжьэгъугъэр нобэми хъумэн, гъэбыдэн зэрыхуейр.

- Мы зэманым ныкъуасаныгъэрэ гукъеуэу щыІэм узэкъуэмытмэ, уапэлъэщынукъым. Дызэрыныгъэмэ, зыдужьынущ, дефІэкІуэнущ, - къыхигъэщащ Амщокъуэм.

Махуэшхуэм папщІэ къызэрагъэпэща концертым хэтащ республикэм и артистхэр.

ФЫРЭ Анфисэ.

КІуэкІуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІуащІащ Сбербанк ПАО-м и Юпщэ-Къухьэпіэ банкым и унафэщІ Титов Е. В.

КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІуащІащ Сбербанк ПАО-м и Юпщэ-Къухьэпіэ банкым и унафэщІ Титов Евгений.

КЪЫХАГЪЭЩАЩ Сбербанкыр республикэм и цІыхухэм Іэхэутхьэбзэ яхуэзыщІэ банк нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Нобэм ирихьэлІэу КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІуащІащ Сбербанк ПАО-м и Юпщэ-Къухьэпіэ банкым и унафэщІ Титов Евгений. Абыхэм ящыщу щыІэ щхьэхуэхэм яхуоз процент 49-рэ хуэдиз. Иужьрей илъэсхэм банкым и дэІэпыкъуныгъэкІэ щыналъэм инвестицэ проект 20-м щигъу щагъэззэщІащ.

Лъэныкъуэхэм кьыхагъэщащ щыналъэм и экономикэм щынэхъыщхьэу кьалъытэ Іэхухэм, хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ щІыхуэхэр яхуэхьыным, нэгъуэщІ унэтІныгъэхэми дяпэкІи щызэдэлэжьэну зэрыхьэзырыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэмрэ Сбербанк ПАО-м и Юпщэ-Къухьэпіэ банкым и пресс-Іэнат1эмрэ ягъэхьэзыращ.

● ХъыбарегъащІэ

2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м КъБР-м и Парламентым и Унэм сыхьэт 11-м къыщызэІуахыну зэІущІэшхуэр теухауэ щытынущ «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ», «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» республикэ законхэм я проектхэм. А законопроектхэм хуащІ дагъуэхэмрэ хэлъхьэпхъэу кьалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ, апхуэдэу едэІуэныгъэм хэтын папщІэ заявкэхэр организацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм ягъэхьын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и деж. Адресыр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №55.

Телефоныр: (8662) 42-64-60.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ

Къабэрдей-Балъкъэрым тхъуцІынэрэ шатэрэ къыщІэзыгъэкІыну заводыщІэ щащІынущ

Къабэрдей-Балъкъэрым щыщ Прохладнэ районым щауухуэнущ тхъуцІынэ, шатэ, кхъуейлъалъэ къыщІэзыгъэкІыну завод. Псори зэхэту абы сом мелуан 70 хуэдиз текІуэдэнущ.

ПРЕДПРИЯТЭЩІЭМ махуэ къэс ерыскъыпхъэу тонн 25 - 30-рэ игъэхьэзырынущ. Ауэ кьыкІэлъыкІуэ зэманым абы нэхъри хагъэхъуэну я мурадщ. Заводым щылэжьэну рабочэхэмра технологхэмрэ кьыхахьу щІадзащ. Апхуэдэу ди къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ предприятэхэм ягурыІуащ абыхэм къыщІагъэкІ оборудованэр кьащэхуну.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, иджыпсту гъэшым елэжь завод зыбжанэ республикэм щыІэщ. Абыхэм мазийм кьриубыдэу кьыщІагъэкІа продукцэр тонн мин 294-рэ мэхъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

НОБЭ

♦**КВН джэгукІэм и дунейпсо махуэщ**. 1961 гъэм Москва и телевиденэм кьигъэлъэгъуащ КВН программэм и япэ нэтыныр. Абы тращыхьауэ, 2001 гъэ лъандэрэ къэрал зыбжанэм щагъэлъапІэ КВН-м и махуэр.

♦**Радиологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Баку и метром и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Къэзэхьстаным щагъэлъапІэ статистикэм и махуэр**

♦**Китайм и журналистхэм я махуэщ**

♦**1895 гъэм** Баварием щыщ нэмыцэ физик Рентген Вильгельм Конрад къихутащ цІыхум и Іэпкълъэпкъым «зэпхрыплъыф» нур телъыджэхэр, иужькІэ «рентген бзийхэр» зыфІащІар.

♦**1917 гъэм** Советхэм я II Урысейпсо съезд зэхэтащ. Абы хэІущІыІу щащІащ къэрал унафэр дяпэкІэ Советхэм зэращІынур, апхуэдэуи къыщащтащ мамырыгъэм, щІым ятеуху декретхэр, къыщызэрагъэпэщащ ЦІыхубз Комиссархэм я Совет, Ленин Владимир и пашэу.

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ ягъэуващ «ТекІуэныгъэ» орденымрэ ЩІыхь орденым и нагъыщищымрэ.

♦Усакіуэ, джэгуакіуэ, Ленин орден зрата **ХъэхъупащІэ Амырхъан** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Америкэ тхакІуэ, цІэрыІуэ дыдэ хъуа «Унесённые ветром» романыр зи Іэдакъэщ1экІ **Митчелл Маргарет** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Жыгун Тимэ** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, къэралым зыхъумэжныныгъэмкІэ и министру щыта **Язов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, АР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шорэ Ибрэхьим** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и ЦІыхубз артист **Борисов Олег** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Щауэ Іэхьед** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр, режиссёр цІэрыІуэ **Делон Ален** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Нидерландхэм щыщ футболист, УФ-м футболымкІэ и командэ къыхэхам и гъэсакІуэ нэхъыщхьэу щыта, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер **Хиддинк Гус** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакІуэ, МАТР-м и академик **Жаным Руслан** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубз артист **Меньшиков Олег** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо партым и щІыналъэ къудамэхэм зэхъуэкІыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр

Дызэрыт илъэсыр иухыху «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо партым къыпэщылъщ щІыналъэ къудамэхэм къулыкъу щызыІыгъхэр гъэ къэс зэрызэрахъуэкІыр зэфІигъэкІыну.

ПАРТЫМ и Генеральнэ советым и унафэщІым и къуэдзэ Селиверстов Виктор зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ зэблэхъугъуэм хиубыдэнущ парт лэжьыгъэм къызэщІиубыдэ кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр езыхьэкІхэр, щІыпІэ къудамэхэм я унафэщІхэмрэ секретархэмрэ.

- «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэхэм щылажьэ цІыхухэм я проценти 10-м нэблагъэм ирахьэкІ Іэнат1эхэр зэрахъуэжьын хуейщ, ар партым и Уставым къыщыгъэлъэгъуауэ гъэ къэс гъэззщІапхъэ Іэхугуэхэм ящыщщ, - жиІащ Селиверстовым икІи къыхигъэщащ дыгъэгъазэ мазэм и кІэм партым и зи чэзу зэхуэсыхуэ зэрыщыІэнур.

КъищынэмыщІауэ, секретарым и къуэдзэр къытеувыІащ етІанэгъэ екІуэкІыну Президент хэхьныгъэхэм епхауэ пэІущІэ Іэлэтыр зэрызэхэтыну щІыкІэм. Фигу къэдгъэкІыжынщи, зи гугъу тщІы Іэлэтым хэтыну зыкъзззыгъэлъагъуэхэм я тхылъхэр 2017 гъэм мазаем и 26-м ирылауэ щытащ, езы Іуэхугуэр щекІуэкІыныр 2018 гъэм гъатхэпэм и 18-м и ужькІэщ. Селиверстовым зэрыжиІамкІэ, загъэхьэзырыну кьаухуэна зэманыр зэрымащІэм кьыхэкІыу, а Іуэхум пыщІауэ кьызэгъэпэщыпхъэ псори пІалъэ кІэщІым ирагъэззэгъэн хуейщ.

«Урысей зэкъуэт» партым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Парт Іуэхуэр

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бжьыхьэ жэщ щэрэ минщ.

ЩІыр зэрат щІыкІэм тепсэлъыхьынущ

Нобэ, щэкІуэгъуэм и 8-м, сыхьэт 18.30-м Налшык къалэ адміністрацэм и пэшышхуэм (КІыщокъуэм и уэрам, 70) администрацэм и унафэщІхэр кьалэдзэсэм щахуэзэнущ. ЗэлущІэм щытепсэлъыхьынущ Вольнэ Аул хьэблэм пэгъунэгъуэ щІыІэ щІыхьэхэр дачэу кьагъэсэбэпын папщІэ зэрагъэшыну щІыкІэм. ЗэлущІэм хэт хуейми кьрихьэлІэ хьунущ.

Налшык къалэм и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Iэщэ лъэщ

Къыпхуэмылъытэным хуэдиз къаруушхуэ

1912 гъэм накъыгъэм и 5-м большевикхэм я «Правда» газетым и я1э номерыр дунейм къытехьауэ щытащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щэхуу. Къызэрыунэхуэрэ, РСДРП-м Iэщэ лъэщу къилъытащ печатыр. Хуабжьу зэхэзехуэн ящIми, къыдагъэкIащ «Искра» газетыр, нэгъуэщIхэри. ЗэрахуэзэфIэкIкIэ ахэр зэбгрыкIагъэхьрт.

ОКТЯБРЬ революцэр текIуэу бжьыпэр яубыда иужь, большевикхэр а хабзэм текIакъым, уеблэмэ, печатым и Iэмалхэр нэхъ убгъуауэ къагъэсабэпащ. Газетхэр партым и дежкIэ щIэгъэкъуэнышхуэт. Псом хуэмыдзу ахэр я щIэщыгъуэт революцэм и ужькIэ тхыбзэ зыгъуэта лъэпкъхъэм.

Совет лъэхъэнэм печатым и мыхьэнэм зиубгъуащ. Лъэпкъ политикэ зэпэщэча игъэкIуэкIырти, газетхэр район къэс къыщыдагъэкIыу хуежьащ щIыналъэм щыпсэухэм я нэхъыбэм я бзэмкIэ. Уеблэмэ, блын газетхэри щIыпIэ-щIыпIэхэм къыщыфIадзэрт. Дэ, нэхъыжьхэм, дощIэж абыхэм я мыхьэнэри цIыкIуу зэрыщымытар. Псалъэм и хьэтыркIэ, махуэ зытIущым зэфIагъэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэр къащIэн папщIэ, комбайнёрхэр абджьипсым илъу къыфIадза блын газетым екIуалIэрт. КIэщIу жыпIэмэ, ахэр сэбэп хъурт.

ЗэфхэкIышхуэ къагъэпэгъуэрт езы журналистхэми. Абыхэми нэгъуэщI цIыхухэм я Iэдакъэщхэ тхыгъэхэу газетхэм къытредзэхэм щIэупщIэшхуэ яIэт. Печатым и къаруур апхуэдизкIэ инти, ныкъуасанигъэхэр сэтей къэзыщI тхыгъэхэр зыхуэгъэзэахэр абыхэм фIэкIыпIэ имыIэу къапэджэжьи хуей хъурт замыгъэгвэу: махуи 10-м къитIасэу партым и райкомым и бюром унафэ щIыпIэкIыхьт. ИужькIэ ар къытрадзэжырт, «Газетым тетащ. Сыт кърикIуа?» рубрикэм щIэту.

Я мыхьэнэр нэхъ цIыкIуакъым радиокIэ къатхэми. Мыбдеж къыщыхъынщ ди дежщIэрыIуэу щыта «Арктэн» сатирэ радиокурналыр. «Ныкъусаныгъэхэр сэтей къэзыщI тхыгъэхэр нэхъыбэрэ щхьэ зыкъемыхуэрэ газетхэм?» - щIоупщIэ ди щIэджыкIакIуэхэр. Абы и жэуапыр щыт. Совет идеологием хуэдэу, СССР-р лъэпкъэжа иужь, а псори кIуэдыжащ. Иджы газетым шыбгъэ кърилъхьа унафэщIым зы жэуапи ихьжьыркъым, кьаIэта Iэхуми зы кIэлъыплъыжьыркъым. Дауи, ар я жагъуэ мэхъу блэкIа эманым газетым иIа къарур зыхуэдизыр зи нэгу щIэкIа нэхъыжьыфIхэм. Зэрыгурыуэгъуэщи, абы къыпхуегъэгъэзэжьынукъым. АрщхьэкIэ, хэкIыпIэ щыIэ?

Газетхэм сэтей къащI ныкъусаныгъэхэр щIыпIэхэм нэхъ псынщIэу икIи щхьэтечу щыгъуэзэкIуэжьыфIынут. Ауэ зэкIэ апхуэдэ тлъагъуркъым. Куэд щIащ СССР-м и Журналистхэм я зэгучъэныгъэм и унафэщI Богдановым прессэм кьиIэт Iэхуэхэр зыхуэгъэзахэр абыхэм къапэджжьыну къалэн ящIэзыщI хабзэгъэуэ проектыр Къэрал Думэм зэрыщIилъхьэрэ. АрщхьэкIэ, ар къащтэным и гугъу тщIыхьэнкъыми, абы щыхэплъэнур жыIэгъуейщ.

ШАЛ Мухьэмэд.

★★★

Ари зы лъэхъэнэти блэкIащ

XX лIэщIыгъуэм ди къэралым псори зэхэту революциплI щекIуэкIащ. Иужьрейм, 1991 гъэм щIэм, Совет Союз лъэщыр игъэлъэлъэжащ, коммунист идеологиер щIитIащ. Сыт абы кьытхуихьар?

ССР-м И УЖЬКIЭ щIыпIэщIыпIэхэм лъэпкъхэр щызэмыдзэгъыжьхэ хъущ, къаугъэхэр къыщыхъеящ. ЗэпэщIэувэныгъэхэм цIыку куэд зэкIуэдащ. Ауэ псом нэхъри нэхъ зыхащIар псэныгъэкIэ зэрызэщхьэщыкIарщ, цIыкухэм я зэхуэдэ къэрал мылъкур яIэрыхьэу зыкъомыр кьулей дыдэ зэрыхъуарщ, я нэхъыбэр зыхэпсэукIын ямыIэу кьызэрынарщ, Iулъхьэхэм IэубыдыпIэншэу зэрызаубгъуарщ. Властыр зыIэщIыхьа реформаторыщIэхэм (ахэр кьыздикIар ямыщIэу кьуэнэхуащ) къэралыр къаруунэ ящIащ, Iэрыгъэтэджым хуэдэу. Ягугъащ я плъапIэ США-м я щхьэфэм Iэ кьыдилъэну, ауэ кьещхьэфэузнкIэ зэрыхъунум егупсысакъым. Абыи хуэкIуащ: Урысейм зыкъыщIэжу, езыи и сэбэп зыхэлъхэри зыхуущIэкъуэхэри мы дунейм зэрыщIэр жиIэу, зэрыхуежьэу, ди гъэнапкъэхэм НАТО-м и дзэхэр кьригъуэлIащ. Щхьэусыгъуэхэр кьигъуэтурэ (зэм Куржыр, зэми Украинэр) ди къэралым кьытрекъуэзэ, ар дунейпсо утыкум кьрихуну хэтщ, кьытхуигъэфащэри къуэгъэзащIэрщ. Гуемыдыхэр апхуэдизкIэ куэдщи, псори кьыпхуебжьэкIынукъым.

Мылъкур зэхэзыдыгъуа куэдым лъэныкъуэ зрагъэзащ, хьэпэщагъэхэр зи Iэмэпсымэ политикхэм ди блэкIар, ССР-р зытета хабзэхэр хэутэн ящI икIи егупсысыхэркъым мы зэманым Урысей Федерацэм щIпсэухэм я нэхъыбэм а блэкIар я нэкIэ зэралъэгъуар, ахэр зэхуагъэм зэрыщIапIыкIар. Пэжкъым совет лъэхъэнэм и зэманым псори зы кхъуафэм ишхыкIыу щытауэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, мылъку иIэну зыри хуимытауэ жаIэхэр. А зэманми къулей щIаIащ, абыхэм ар кьалэжьыт я гуащIэкIэ, я акъылкIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 30 гъэхэм я зэхуэдитIым ССР-м я я1эу мелуанырыбжь щыхуащ «Чапаев» фильм цIэрыIуэм и сценарийр зытха икIи ар зыгъэува Васильев зэкъуэшхэр, ауэ абы щыгъуэм кьэралым и Iэтащхьэ Сталин Иосиф и мазэ улахуэр зэрыхъур сом 500 кьудейт. Улахуэм дыщынэсакIэ жьытIэнщ абы и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкIынигъэ ин дыдэхэр кьызэрыхъуар. Псалъэм и хьэтыркIэ, Урысейм щызэкIуэ мазэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэр сом мини 7-рэ 500-рэщ, арщхьэкIэ «Газпром» кьэрал компаниием и унафэщI Миллер Алексей и зы махуэ (зы махуэ!) хьэкъыр сом мелуанищрэ ныкъуэм щIегъу. Дауэ ахэр зэрызэхуэгъэдэнур? Къулыкъущ1э бжьигъэншэхэм я улахуэхэмрэ цIыху кьызэрыгуэкIхэм я1эрыхьэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ, хэбгъэзэхьэмэ, нэхъыбэжщ.

Журналист куэдым къалъытэ цIыхухэм псэукIэкIэ я зэщхьэщыкIынигъэр апхуэдизу куу зэрыхъуар властым и дежкIэ щэкъэузжу кьыщIидзынкIэ хъуну.

2018 гъэм и гъатхэпэм Урысейм щекIуэкIынущ президент хэхыныгъэр. Дыщыгурыгъэ абыхэм яжь фIы и лъэныкъуэкIэ ди гъащIэм кьыщIихуну.

ШЫКУЭ Дотий.

1958 гъэм сенатору щыта, иужькIэ США-м и президент хъуа Кеннеди Джон Штат Зэгуэтхэм егъэджэныгъэ Iуэхур зэрыщыгъэувар кьиплащыта иужь жиIауэ щытащ: «КъэкIуэну зэманыр зеинур Совет Союзым партэхэм дэсу щеджэ ныбжьыщIэхэрщ».

АБы щыгъуэм ди къэралым егъэджэныгъэ Iэнатlэм кьыпхуэмылъытэным хуэдиз гулыпытэшхуэ щыхуащIырт. Школхэм я классхэм щIэсхэр ику иту щIыхь 17-м щIигъуртэкым. Псом хуэмыдзу нэхъ зытракъуэзри математикэ, физикэ, химие щIэныгъэхэр сабийхэр куууэ егъэджэныгъэ Iэщ1ыб ящIырт. Дауи, урысыбзэри анэдэлъхубзэри Iэщ1ыб ящIырт эхъыбар. Тхыдэджхэм зэрыжаIэмкIэ, а зэманым СССР-м мы Iэнатlэм мылъкуу щытрагъэкIуадэр США-м абы хухихьм нэхъри хуэдитIым нэскIэ нэхъыбэт. А псомиз щIыгъужьи хуейщ Совет Союзым ныбжьыщIэхэмэ балигъэхэми библиотекэхэм тхылъ нэхъыбэ дыдэ кьыщIихьу зэрыщытар. Абы и лъэныкъуэкIи дунейм япэ увыпIэр щаIыгт.

Щыхьэусыгъуэ гуэркъм кьыхэкIыу курыт щIэныгъэ и чэзум зымыгъэтэхэр пщыхьэщхьэ школхэм екIуалIэрт. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм Iэщ1агъэлIкэр куэду щагъэхьэзырырт. Абыхэм щеджэ хъурт зэрылажьэм хуэдэури (а хабзэр иджыри ягъэкIуэдыжакъым). Мис абы и гугъу тщIыну дыхуейт.

Колхозхэм лъэщу зауэжьу щыхуежьэ 60 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщIихалъхьащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр Iэщ фермэхэм кIуэурэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъэтыну хуейхэм абыхэм экзаменкэр кьыщIыхьну. ЗытещIыхьари Iэщ1ыхъуэхэр, губгъуэм щылажьэхэр я Iэнатlэм кьыпэрамышынырт, я лэжьыгъэр зэбламыгъэнырт. Мис апхуэдизу зэгъэнэгъу хъурт кьалэмрэ кьуажьэхэмрэ. Дауи, мы Iэхуэм фэрыщIыгъи хэлът: хьэщIэу ирагъэблагъэ егъэджакIуэм дежкIэ гугъут зигъэтхIиину, «ТIу» игъэувыну. Ар къезэгъыртэкъым ерыскъыкI, фадэ хэпльыкъэхэр тету кьыхуаIэта Iэнэми...

АрщхьэкIэ псори апхуэдэу Iейтэкъым. Университетым щIагъэтIысхьэр «практикэ» гуэри хуейтэкъым - ар езыр лэжьыгъэм пэрытт илъэс бжьыгъэ хуьауэ, Iуэхум фIыуэ хищIыкIырт. КъищынэмыщIауэ, кьэкIуэ еджагъэшхуэхэр колхоз Iэщым еплъырт, ар нэхъыфIу зэрызэрахьэнум теухуа чэнджэщхэр иратырт. ЩIагъэтIысхьахэм къахуэнэжыр теорием и закъуэт...

КъыщедгъэжьамкIэ дгъэзэжьнщи, Кенненди и жэрдэмкIэ США-м егъэджэнигъэ Iэнатlэм даллар мелардхэр щыхухахащ. Ди деж кьыщыхъураращи, зэман дэкIри, СССР-м зэрыщагъаджэу щыта хабзэ псыхьам тратьэкIри, школхэр куэдым яку иримыхь ЕГЭ-м хуагъэкIуащ. Iэнатlэм ахъшэу трагъэкIуадэр илъэс кьэс нэхъ мащIэ мэхъу. Урысейм щIэныгъэм и Iэхур хуабжьу Iэпэдэгъэлэл щащIащ. Уеблэмэ, уогуэавэ: ди жагъуэгуэхэр кIуэ пэтми щыбагъуэ зэманым къэралым зыхъэмэну Iэщ1ащIэхэр дяпэкIэ хэт зыщIынур? НыбжьыщIэхэр къэралыр нэхъ зыхуей Iэщ1агъэхэм дихьэхыжьыну.

СССР-м зэрыщагъаджэу щыта хабзэр кьащIтэж щхьэ мыхъурэ? 1945 гъэм абы техьа Финляндием иджы дунейм бжьыпэр щIиIыгъ.

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭ Къасым.

100

КПРФ-м къызэригъэпэща гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр

Дыгуасэ Налшык къалэ щагъэлъэпIащ Октябрь социалист революцэр илъэси 100 зэрыкIуэр. Абы ехьэлIа дауэдапщэхэр къызэригъэпэщащ КПРФ политикэ партым КъБР-м щIэ къудамэм и комитетым.

ЩэкIуэГъуэМ и 7-м республикэм и щыхьэрым щекIуэкIащ махуэшхуэм теухуа зэIыущIэхэмрэ нэгушыхьэ дауэдапщэхэмрэ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгугъэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIэнальэм зэрызиужьам щыхьэт техIуэ сурэтхэр. КъищынэмыщIауэ, «Оазис» тыкуэнымрэ «Восток» кинотеатрымрэ я деж усэхэм кьыщеджащ, зэпеуэ зэхуэмыдзэхэм хэтахэр щагъэлъэпIащ, къэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ гупхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Махуэшхуэм кьыпищащ, шэджагъуэм цIыкухэр зэхуэсащ Ленин Владимир и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэну. Абдеж кьыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэ зэгухьанIэгъэхэм хъыбарегъащIэ Iэхуэщ1апIэхэмрэ зегъэужьынымкIэ и комитетым и унафэщI, КПРФ-м и щыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ Пащты Борис.

- Нобэ дгъэлъапIэ махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, ныбжьэгъуэхэ, - захуигъэзащ абы зэIущIэм кьрихьэлIэхэм. - Тхьэмыщкlагъэм, цIыхур еудыхыным, пщыIыгъэм кIэ ирата нэужь, дунеищIэ къэунэхури, дэтхэнэри хуит хъуащ пщIэнщэу еджэну, лъэпкъ мащIэхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ яхъумэжыну. А псори зи фIыщIэ Ленин Владимир цIыкубэм папщIэ илэжьаэхэр тхыдэм кьыхэнэнущ, лъэпкъым щыгъупщэнукъым.

КПРФ-м кьызэригъэпэща дауэдапщэхэм щыпащащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм. Абы щатащ парт, комсомол билетхэр, саугъэтхэр, фIыщIэ тхыпIэхэр, республикэм и артистхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ зыхэта концерти абдеж щекIуэкIащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Фи фIэщ хъурэ?

Тыкуэнтет зимыIэ... тыкуэн

Блэкlа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм СССР-м коммунизмэр хуэуным апхуэдизу куэд щытражьIыхьыпти, цIыхуэхэм ар я лъым хьIыат. ГъащIэм кьыщIыхъу щIэ псоми халъэгъуэрт «къэкIуэну зэман нэхуи» и нэщэнэхэр. Абыхэм ящыщ зыуэ щытащ мыри.

КъУАЖЭХЭМ кьыщызэрагъэпэщырт «Iэщ1ыхъуэ кьалэ цIыкIуэхэр» - зы щIыпIэм щаухуэрт жэм кьашхэр, шкIэхэр, Iэщ1ащIэхэр щаIыгъ фермэхэр, абыхэм щылажьэхэр зыщIэсынуэр. Арат кьалэ цIыкIу хъужри. Зыгуэрэм кьалъытащ тыкуэни щыIэн хуейуэ. АрщхьэкIэ щэхуэкIуэхэр куэдтэкъым, улахуэ епту затуущI пIыгъыныи къеззгъыртэкъым.

Апхуэдэу щыхъум, тыкуэнхэр кьызэIуахыу щадзащ... тыкуэнтет щIэмыту. ЦIыхухэм я зэхэщIыкIырт, я хьэрэмыгъэншагъэрт зытращIыхьыр. Тхьэмахуэм зэ кьакIуэурэ, автолавкэм кьишэрт джанэ, вакъэ, тутын, сабын, фошыгъу, мафIэдз, н. къ. Я уасэхэри тетхат. Iэщ1ыхъэхэм ахэр кьащтэрт, хуэзэ ахъшэр тралъхьэрти, кьыщIэкIыжырт. Иужькlэ апхуэдэ тыкуэн тельыджэхэр колхоз хьэмэхэми щылажьэ хъуат.

ГъэщIагъэунц, ауэ къэхъуауэ ящIэжыркъым абыхэм хьэпшIып щыщIадыгъукIэ. Зыри хуейтэкъым имей кьищтэну.

Иджы-щэ? Апхуэдэ тыкуэн мы зэманым щыIэну и нэгу кьыпхущIэгъэхьэнукъым. Зы маст щыщIащнэну пIэрэт?!

БЕСЛЪЭНЕЙ ТIуТIэ.

● Гукъинэж

1941 гъэм и бжьыхьэр

Дунейм дыдейхэм закъыдищI хуэдэт: нэху кьекIат пшэхэр лъахъшэу кьеГъуэлъхьэхауэ, уэс кьесу. Ар хуабжьу бжьэгъырт - фашист кхъуэхлъатэхэр кьэлъэтэныкIэ шынагъуэр нэхъ мащIэ хъурт.

Москва и Утыку Плъыжьым илъэгъуащ дзэ парад куэд, ауэ 1941 гъэм Октябрь революцэр илъэс 24-рэ зэрырикъуэм и щIыхькIэ екIуэкIар псом нэхърэ нэхъ гукъинэж хъущ.

АР КЪЫЗЫХЭКIАРИ гурыIуэгъуэщ. Къэралыр псэзэпылъхьэпIэ ихуат. Бийр щыхьэрым лъэщуебгъэрыкIуэрт. Уеблэмэ, языныкъуэ щIыпIэхэм километр 80 хуэдиз фIэкIа имыIэжу гъэнэгу кьыхуэхъуат. Танк армэм и унафэщI Гудериан и къэралу унафэщIхэр кьигъэгугъат «мыгувэу нэмыщхэр Кремлым пивз щефэну». Фашист генералхэм загъэхьэзырырт Москва текIуэныгъэм и парадщIэр щыкIуэныну. Абы папщIэ лъабжьэ псори щыIэт. Совет кьалащхьэр иубыдыным теухуа мурадыр зрагъэхъупIэн папщIэ нэмыщхэм зэхалъхьа «Тайфун» планым ипкъ иткIэ къаруушхуэ мыбдеж щызэщIагъэуIат. Абы кьелыну ар? Ди щыхьэрыр фашистхэм кьызэращтэнум шэч кьытрахьэжьыртэкъым дэ кьыддэщI кьэралрэм я Iэтащхьэхэм.

Дауи, Москва яубыдкIэ зауэр иухыкIытэкъым, ауэ къэралыр кьызэрымыкIыфIынкIэ шынагъуэ щыгъэкIэ хъэпэ ихуэнут. Ялэрэуэ, абы пэплъэрт Къуэкlыпl Жыжьэм кьыщIэнэсу Японимрэ Кавказыр сыт щыгъуэ си плъапIэ Тыркумрэ. Зэкlэ ахэр шынэрт заузм кьыхьыхьэн, ауэ нэмыщхэм ди щыхьэрыр яубыдамэ, абы тегушхуэнут. ЕтIуанэрауэ, ар псэкIэ гъэвигъуэуе хъунут совет цIыкуэхэм я дежкIэ. Геббельс и пропагандэм и кьалэныр игъэзащIэрт: куэдым я гугъэр хахьжат дыдейхэм бийр кьагъэувыIэнымк. 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м москвадзэхэм кьалэр ябгъэнэу хуежьащ. ГъэщIэгъуэныраци, псом зыщIэпхъуар Iэущ1ащIэхэм я унафэщIхэмрэ парт кьулыкъущIэхэмрэт. Арати, кьалащхьэр кьаухъуреихьын хуей хъущ зыри дамыгъэкIыу.

Совет унафэщIхэм я фIэщ хъурт нэмыщхэр кьызэрызэтраГъэувыIэнырэ. Дзэзешэ Жуков Георгий жиIэрт бийм и лъэр мыгувэу щIэкIынут: абы иIэжтэкъым зауэм хишэфыну нэгъуэщI къару. Арщхьэкlэ ар цIыкуэ кьызэрыгуэкIхэм ягурыбгъэIуэфынут? Апхуэдэ Iэмал кьагъуэтащ.

Жэпуэгъуэм и 24-м Командующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф унафэ ищIащ парадым зыхуагъэхъэзырыну. Ар щэху дыдэт. Революцэм и махуэр зэрагъэлъапIэм и щIыхькIэ Моссоветым гуфIэгъуэ зэхьыхьэ щэкIуэгъуэм и 6-м щIигъэкIуэкIащ метром и «Маяковская» станцым (щыхьэрым кьыщIрадзых бомбэхэм защIыцIыхьымэну мы щIыпIэр хуабжьу кьезэгъырт). Сталинрэ я пашэу совет унафэщIхэр абы кIуащ мафIэгукIэ. ЗэIущIэм кьыщыщIыпсалъэм Сталиным бийр зэрызэхакъутэнум теухуауэ жиIэхэр къэрал псом радиокIэ зэхахащ. ИужькIэ вождым кьызэхуэсахэм щэху дыдэу хьыбар яригъэщIащ дзэ парад зэрекIуэкIынымкIэ. Ар къызыхэкIари гурыIуэгъуэт: шэч кьыщыстепхьэн щIэтэкъым фашистхэр я кьару кьызэрихькIэ зэран кьахуэхъуну зэрыхуэщIэжьым. Уеблэмэ парадым хэтыну кьыхэха езы зауэлIхэм ар кьыщащIар нэхущырц, ирагъэблагъэ цIыкуэ кьызэрыгуэкIхэм - абы щIидзэным сыхьэтищкIэ ипэ итущ.

Парадыр кьызэIуахащ щэкIуэгъуэм и 7-м пщэдджыжьыр сыхьэти 8-м. Абы кьыщыпсэлъащ Сталиныр. Къэралым и Iэтащхьэм дуней псом зэхахыу жиIащ фашист Германиер зэрызэхагъэщащэнур икIи ди цIыкуэхэр кьыхуриджащ бий хьэщхьэрыIуэм и пащхьэм щыхэзгъуэзыжьыну. Утыку Плъыжьым ирикIуащ Т-34, КВ-1 танкхэр, топгъауэхэр, хьдзэлIхэр, щууейхэр. Абыхэм ящыщ куэдыр иужькIэ занщIэу зауэм Iухьащ Москва яхъумэну.

Парадым кьратыкI репортажыр щызэхахам нэмыщхэр кьуэIабжьащ, ауэ, псынщIэу зыкъащIэжри, кьэлыбащ. Фашист генералхэм кхъуэхлъатэ гупышхуэ кьалащхьэм кьраутIыпщащ. Ауэ абыхэм ящыщу зыри Утыку Плъыжьым нэсакъым: абы хуэхъэзыру кьыщIэкIащ ди зенитхэхэр - бомбэзэкъэ 3-р кьаридыхащ, адрейхэм щхьэхуэ ягъэзэжащ кьызэдкIамкIэ.

ЦIыхухэм я фIэщхъуныгъэр зэфIагъэувэжьи папщIэ мы Iэхуэм иIа мыхьэнэр гъунапкъэншэщ. Абыхэм кьагурыIуащ зэрыпсэур икIи кьызэрызэрыпланджэр, бийр щрагъэкIуэтыжыну зэманри кьызэрыблагъэр. Иджы абыхэм кьаруущIэ кьахьыхат.

МАЦIЫХЪУ Мухьэмэд.

● Ди япэ итахэр

Къэрал псом щыщIэрыIуэ Къалмыкъ БетIал

Октябрь революцэми абы и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм игъуэта зыужьыныгъэми ятеухуа сыт хуэдэ псалъэмакъри ныкъуэ хъунущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа Къалмыкъ БетIал и гугъу дымыщIмэ.

ХЬЭСЭНБИЙ (Куба) кьуажэм дэса Къалмыкъ Едыдж и къуэ БетIал пасэу кьищIащ псэукIэкIэ яку дэлъ зэщхьэщыкIыныгъэм цIыхур зэригъэпудыр. Пэжу, кьызыхэкIа унагъуэр кьулейсызтэкъым, ауэ пасэу лIыщIэн щIидзэн хуей хъуащ гъунэгъу Марьинскэ станицэм дзэ кьулеижьым и шыхъуэу. ИужькIэ Дон Iус Ростов и гъущI гъэзгу Iэхуэщ1апIэм щылажьащ. Абы и фIыгъэкIи урысыбзэр щыIейуэ зэрызригъэщIам кьыдэкIуэу, революцэ зэщIэхъеенныгъэм хьыкащ, и зэхэщIыкIым зиужьащ. Дзэлыкъэу восстанэр кьыззэщIэпэщащэм яхэтащ, Владикавказ журналисту щылажьэ, иужькIэ ныбжьыгъуэфI кьыхуэхъуа революционер кьэмыдэнджэж Киров Сергей зрищIыхуащ. БетIал щытащ властыщIэр гъэувыным, ар хъумэным теухуауэ ди лъэхэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэукIэ Iэхуэ цIыкуэ я къызэгъэпэщащэхэм яхэтащ, Владикавказ журналисту щылажьэ, иужькIэ ныбжьыгъуфI кьыхуэхъуа революционер кьэмыдэнджэж Киров Сергей зрищIыхуащ. БетIал щытащ властыщIэр гъэувыным, ар хъумэным теухуауэ ди лъэхэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэукIэ Iэхуэ псом хуэмыдзу Iупщ1у кьыщыщигъэпIэгъэуар социалист ухуэныгъэр щекIуэкIа илъэсхэрщ. Кьалмыкъыр зи унафэщI хъуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьыныгъэ и Iэнькъуэкlэ я ящхьэпрыкIащ ди гъунэгъу псомк. Ди деж щащхуэ Iэхуэщ1апIэхэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэхэ инт: гу щызэпкъраIъхьэ заводыр (иужькIэ машинэ щащI хъуащ), Iэфыкlэ фабрикэр, гъавэ къеIыхьапIэр, лы комбинатыр, нэгъуэщIхэри. Нэхъапэм зэи имыIа промышленностыр кьыдэкIуэу, мэкъумэш Iэнатlэм хуабжьу зиужьыр. Апхуэдэ дыдэу БетIал и нэIэ тетт щэнхабзэмк: ар куэдрэ кIуэрт Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ кьалэ цIыкIум, абы щIэсхэм я Iэхуэ зыIутыр зригъащIэрт, кьэфакIуэ-уэрэджьIакIуэ гупым хэтхэр ищIыхурт.

А псомиз кьадэкIуэу сыт щыгъуи кьыхилъхьэрт нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэ щIэ гуэрхэр: нэхъыжьхэм я съездхэр, цIыхубзхэм, щIалэгъуалэм я зэIущIэхэр, н. къ. Абыхэм кьыщаIэтырт ганщIэм нэхъри зегъэузэщIын, ныкъуасанигъэхэр ягъэкIуэдыжьын папщIэ щIэн хуейкэр.

А псомиз Iэужьхэр кьэралым щыпсэгъурт. Ди деж кьэкIуэрейт Москва, нэгъуэщI кьалэхэм кьикI тхакIуэхэр, газет лэжьакIуэхэр. ЗрихьэлIэхэри яфIэтелъыджэт: кьуажэхэм щауха школ, клуб зэпэщхэр, уэрам захуэхэр... БетIал уафэр ищIат хьэсэкэр жьым щахъумэн папщIэ абыхэм ябгъухэм жыг сатырэр щагъэтIысыну, ауэ ахэр мыIэрсейуэ, кхъужьу, пхъэгулъу щытын хуейт гъэзгурыкIуэхэм яшхын папщIэ. А зэманым усакIуэшхуэу кьалъытэу щыта Тихонов Николай мыпхуэдэу итхьажауэ щытат: «Нэм кьыплъыкьыр хьарбгъэт. Апхуэдизкlэ инт икIи дахэти, узрагъэхъуапсэрт. Дыхьхьэри зы кьыщIэтчащ. Асыхьэтым зыгуэр кьыдэгуоущ: зылI кьажэрт и Iэхэр ищIурэ. «Дыдыгъуэу кьыщIокI» - сегупсысащ, занщIэу сыкъэгузавэри. БетIал сыщыукIытэкъым. Арщхьэкlэ кьыдбгъэдэльэда «кьумакIуэм зэрихуэр нэгъуэщI Iуэхут: ар хуейт нэхъ хьарбгъэ Iэфкъэр здэщыIэ щIыпIэм дишэну...» УсакIуэм телъыджжэ щыхъуат апхуэдэ щIыхуэгъэшхуэр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр щыпIапIагъурт дэни - цIыкуэхэр нэхъ кьулей хъурт. Арщхьэкlэ БетIал езыр зэи мыльку щIэхъэпсакъым. Парт, комсомол гъэзэкIуэу щытат Кьулей Чэрим зэрыжиIэжамкIэ, илъэс куэдкIэ и унагъуэр и гъусэу щыпсэуащ пэшитI фIэкIа махуэ фэтэрым. ЗыкьыхъэзыгъэпIиикIыну хущIэкъухъэми яхуэдизрэ щыхьэм. Мыр кьаIуэтэж: колхоз унафэщI гуэрым езым щхьэкIэ иригъэщIат унэ зэгуэтыхьуэ. А зэманым БзэгуI лэжьакIуэ щыта Кьулей, ар Къалмыкъым Iурадзащ. БетIал абы и деж кIуащ, зыри имыщIэ хуэдэу. Мо унэ дзэгъуэр кьыщилъагъум, телъыджжэ щыхьуаэу фэ зытригъауэри, жиIащ: «Мыр сыт, си ныбжьэгъужь, кьыскIэщIэпщIыхьар? Школ дзэгъуэ зэребгъэщIыр щхьэ кьызэжьыIаIэ?» - «Уэрэхэм, имыIэу сыщIырэ, илъагъумэ, нэхъ и гуапэ хъунщ», жысIэу сегупсысауэ аратэм», - итижащ мыдрейм жэуап: сыт ищIэнт?

И Iэхуэщ1афэ дахэхэмкIэ къэрал псом апхуэдизкIэ цIэрыIуэ щыхъуати, 1931 гъэм Къалмыкъым Ленин орденыр кьратауэ щытащ, СССР-м и щIыпIэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областмэ а дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Иджыри зы хьыбар федгъэдэIуэжьынщ. Колхоз унафэщI гъуэзэджэ Тэрчокъуэ Къамболэт СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахати, сессиехэм щыкIуэкIэ дзэзешэ Тимошенкэ хуэзэрт: я тIысыпIэхэр зэбгъурытт. Зэгуэр абы кьыжриIэжащ: «И дачэм сыкIуэхукIэ, Сталиным сигъэбанэрт. Псори хэзгъащIэрт гугъу семыкъу. Зэгуэр апхуэдэу сыкIуэу сегъэпсалъэу: «Мобы ебэн». Дызэбэнащ, езы Сталинрэ я1эныкъуэкIэ щытащ тутын ефэу. Щэнейрэ сыкъыпридзащ симыгъэпIэтIауэу. КъыстекIуар Къалмыкъ БетIалт!»

Дауи, Сталиным ищIэрт Къалмыкъыр зэрыкъарууфIэр, а тIур щызэрыщIыхуар дыгъуасэтэкъым. Ауэ дэ мыбыкIэ жьытIэну дызыхуейр абы пщIэ лъагэ зэригъащ, къэралым и Iэтащхьэм и дачэми ирагъэблагъэу.

ЦЕКЪУЭ ПатIэ.



Октябрь революцэр илъэси 100 зэрыхъуар Налшык щагъэлъапIэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ. 2017 гъэ, щэкIуэгъуэм и 7*

**Илъэси 100 и пэкІэ большевикхэм яухуауэ щыта къэралыгъуэм зыхущыщІэрэ зыхунэмысу куэд хэлъами, абы щекІуэкІа лъэпкъ-бахъсэ ухуэныгъэм къыдэкІуэу гулъытэшхуэ щигъуэтащ социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ цІыхубэм етыным. Граждан зауэмрэ Езанэ дунейпсо зауэмрэ къыхэкІыу псэун щІэзыдза къэралым и экономикэр къанэ щІагъуэ щымыІэу зэтекъутат. Хэкум и промышленнэ Іэнатіэм лэжьыгъэ гуэри къыщархьалІэртэкъым, мэкъумэш хозяйствэрати, зэтещхат, цІыхубэр мэжэщІалІагъэм иубыдат. А псори я лъабжьэу щІыпІэ-щІыпІэхэм щекІуэкІырт цІыхубэ зэщІэхьеенныгъэхэр, совет къэралыгъуэм иригъэкІуэкІ политикэмкІэ мыарэзыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытт. Апхуэдэ щытыкІэм къишэнкІэ хъунут езы къэрал дыдэр зэтещхэныр. 1917 гъэм екІуэкІа къэхъукъащІэхэмрэ Граждан зауэмрэ мылъкукІэ хэщІыныгъэу къахьар мелуан бжыгъэ куэд хъурт. Къэрал гъунапкъэхэм Іуэхур куэдкІэ щынэхъ хьэлъэт, центрым нэхъырэ.

● ЩэныгъэлІым и псалъэ

Мелуанхэм я гъащІэр зыхъэжа къэхъукъащІэ

ЖЫЛАГЪУЭР зэщІэзыубыда а зэхъуэкІыныгъэхэр, дауи, късаад Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ. Мы щІыналъэхэм промышленностым зыщижьагъэхэзтэкъым. Экономикэм и лъабжьэр мэкъумэш Іэнатіэрат. ЩІыпІэм щыпсэуэхэм я процент 96-р мэкъумэшыщІэт. А илъэсхэм екІуэкІа зэрыхьэзэрийхэм я зэранкІэ зэхэкъута хъуат мэкъумэш Іэнатіэри. Къэпщтэмэ, щІыналъэм ГъавэщІалІэу 1920 гъэм иІар процент 52-кІэ нэхъ мащІэ хъуат, 1913 гъэм еплъытмэ. Іэщ бжыгъэми хуэдищым щІигъуркІэ хэщІат. ЦІыхухэм я нэхъыбапІэр мэжалІэт.

«Продразвёрстк»-кІэ зэджэу къыхалъхьа Іэмалыр, ипэжыпІэкІэ жыпІэнурамэ, къэралым иригъэкІуэкІ хъунщІэныгъэт. Абы нэхъри нэхъ хьэлъэж ищІырт цІыхубэм я псэукІэр. А куэдыр зытралъхьа мэкъумэшыщІэм гукъыдэж лъэпкъ иІэтэкъым нэхъыбэ къилэжьыну, сыту жыпІэмэ куэд къилэжьми, мащІэ зыІэригъэхьэми - тІум щыгъуэми къэралым къанэ щымыІэу трихьинут. Къэдгъэ къэхъурт мэкъумэшыщІэм жылагъэхэ къудей къыхуамыгъанэу гуэн нэщІкІэ гъатхэм щытехьэ. Псалъэм папщІэ, 1921 гъэм кІуэцІ мазэ зыбжанэм и кІуэцІкІэ Къэбэрдеймрэ къалэн къыщащІат къэралым щаІахъуэпхъэу пут мин 700 иритын хуейуэ. Абы хэтт гуэдзу пут мин 500. КъищынэмыщІауэ, къалэн къыщащІахэм къыхэзгъащат лыуэ пут мин 80, фоуэ пут 22-рэ, нэгъуэщІ ерыскъыпхъэхэри. Апхуэдизу къуэды зытелъ щІынальэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур ерыскъыпхъэ мащІэ къыщыщІажь Іэнатіэхэрат. Абыхэм я процент 50-м нэсыр мэкъумэшыщІэхэм зэрахьэ губгъуэ-хадэжрат. Нэхъ къулейхэу «кулак»-кІэ зэджахэм я хозяйствэхэм процентри 6,8-рэт яубыдыр. Апхуэдэ щытыкІэ гугъум, къэралым и лъабжьэр щІэзыудым, хэкІыпІэ гуэр къыхуэгъуэтын хуейт Іэмал имыІэу.

Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ 1921 гъэм и гъатхэпэ маззм екІуэкІауэ щыта РКП(б)-м и Х съездым. Абы щаубзыхуа Іуэхугъэ нэхьащІхьэхэм ящыщт къэралыр военнэ коммунизмэм и политикэм къытекІыу экономикэ политикэщІэм (НЭП) зэрытехьэр, продразвёрсткэр продналогым хуэзыгъакІуэр. А налогыр хуэдищкІэ нэхъ мащІэт, продразвёрсткэм еплъытмэ. МэкъумэшыщІэхэм я нэхъ тхьэмыщкІэхэм ар ятыхэхэнутэкъым, абыхэм къакІэпъыкІуэхэм къыІахынур нэхъ мащІэт, кулак хозяйствэхэм хуагъэувэ налогым еплъытмэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу мэкъумэшыщІэхэм ят налогхэм, къапщтэмэ, процент 30-кІэ хэщІат. КъищынэмыщІауэ, абыкІэ ипэкІэ ятелъа щыхуэхэр псори хуагъэгъуат.

НЭП-м къызэригъэувымкІэ, хъэрычэтыщІэ Іуэхухэми зебгъэужь хъунут. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мэкъумэшыщІэхэм лэжьыгъэм хуаІэ гукъыдэжыр къиІэтыжырт, ар нэхъыбэж къилэжьыным хуэгъэпса жэрдэмыщІэхэми я джэлэс хъурт. А псоми кашэрт гъавэ щІапІэхэр нэхъыбэ щыныр, Іэщ гъэхъун Іэнатіэми нэхъри зегъэужьныр. НЭП-м и лІахъэнэм къэунэуа производствэ, сату Іуэхущапіэхэм ящыщ Мэкъумэшыщ Іэ зэгуэхьныгъэхэм я зэдэіэпыкъунигъэ комитетхэр (ККОВ), ЩІым елэжьныкІэ зэгуэхьныгъэхэр (ТОЗ), нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу, НЭП-м къигъэщІащ экономикэм и лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр, уней сатуми зригъэужьащ.

Жылпінурамэ, XX лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм я кІэухым къэралым Іэщ Іыб щащІа апхуэдэ лэжьэкІэ мардэхэм дэ дыщыхуэкІуэжар зэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэу ялытэ 90 гъэхэращ. Апхуэдэу къэралым зыІэщІигъэкІащ рынок экономикэм и Іэмалхэр икІи илъэс 70-кІэ тетащ зы экономикэ Іуэху зехьэкІэм - социалистическэм. Ар ятпэщІауэрт экономикэ политикэм и хабзэ псоми.

Апхуэдэ хабзэ ткІийхэм тет пэтми, къэралым ульэщІэмыхьэу зиужьырт. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъут щыпІэхэм. ИтІани, къэралым иджыри иІэтэкъым езым и лъэпкъ промышленность Іэнатіэ, абы къыхэкІыуи цІыхухэм яхурикъуртэкъым ІэмалымщІэу зыхуей хьэпшыпхэр. Апхуэдэ щытыкІэм кьалэныщІэхэр къыхуигъэуват властым: икІэщІыпІэкІэ къызэгъэпэщын хуейт лъэпкъ промышленностр, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэщІыпхъэт абы щІналъэхэм щыпсэуэхьыным.

Индустриализацэм хуэгъэпса зыужьыныгъэм и гъунэхэр щралъащ 1925 гъэм и дыгъэгъаззм екІуэкІа, партым и XIV съездым. Абы къыкІэлъыкІуа илъэсхэм къэралым екъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэригъэхьащ промышленнэ Іуэхущапіэхэр щыхуэхьмкІэ.

Урысей пащтыхьыгъуэм и гъунапкъэ щІыпІэхэу иджы Совет къэралым ихьхьахэм а Іуэхум мыхьэнэ ин дыдэ щиІэт, сыту жыпІэмэ абыхэм промышленность Іэнатіэм зыщиужьхьихатэкъым, лэжьакІуэбэ класс, инженер-техникэ Іэщ Іагъэлі жыхуаІэхэри щыІэтэкъым. Къэрал унафэщІхэм гулъытэшхуэ хуащІу хуежьащ СССР-м хьыкъ ящынаІэ псоми. Абыхэм ящыщт Кавказ Ищхьэрэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым индустриализацэр щыщкІуэкІым, гулъытэ нэхьыбэ хуащІащ промышленность псынщІэмрэ ерыскъыпхъэм елэжьымрэ зыщегъэужьыным. КъыхэгъэщІапхъэщ, промышленностым зегъэужьыным къыдэкІуэу щыналъэм и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэри яджу, а унэтІныгъэм епха къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыу зэрыщытар. Абыи мыхьэнэшхуэ иІэт къэралпсо экономикэм нэхъри зегъэужьыныжкІэ. Лъэпкъ экономикэр лъэ быдэкІэ увын папщІэ, Іэнатіэр зэлэжьыпхъэ хьэпшып, гъавэхэкІ, Іэщхьэкі хуэдэхэр, нэгъуэщІхэри нэхъ гъунэгъуу щыІэмэ зэрынэхъыфІыр наІуэти, абыи мыхьэнэ иратырт. А псори къалъытэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым къыщыізэригъэпэщащ промышленнэ Іуэхущапіэ куэд. Абы щыхьэт тохъуэ лІэщІыгъуэ блэкІам и 20-30 гъэхэм ди республикэм къыщызэІуаха Іуэхущапіэхэр. Къапщтэмэ, 1928-1930 гъэхэм къриубыдэу Налшык щаухуауэ щытащ гъавэ хъущапІэ, дагъэ щыщІаху завод, Іэфіыкіэ щащІ фабрикэ, щакхъуэгъажьэ комбинат, вакъэ, щыгъын щад фабрикэхэр, нэгъуэщІ промышленнэ Іуэхущапіэхэр. Мэкъумэш Іэнатіэм и продукцэхэм щылэжьа промышленнэ Іуэхущапіэхэр къыщызэІуахуэ щытащ Мэртэзей, Котляревскэ, Прохладнэ, Нарткъалэ жылэхэм. Апхуэдэу Щхьэлыкъуэ, Дыгулыбгъуей къуажэхэм лэжьэн щыщІадзат чырбыш-кхъуэщын заводхэм. Ахэр псори траухуат щІыпІэм щыІэ сырьём, къыщыщІах хъугъуэфІыгъуэхэм елэжьыным.

Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм трауХуауэ щытами, зэманыр кІуэтэхукІэ нэрылъагъу хъуащ промышленнэ Іэнатіэм хьыхьэ завод, фабрикэ хуэдэхэм ящыщ куэд щыпІэ продукцэкІэ зэрымылажьэжыр, Гидрометаводым къищынэмыщІа. Абыхэм къыщыщІагъэкІ продукцэхэр я хьэпшып гуэрым и Іыхьэу аратри, лэжьакІуэхэр щыгъуэзэтэкъым сытым елэжьми, заводым и дамыгъэр трагъэувэ мыхьумэ. Цыху мини 2-3 щылажьэ промышленнэ Іуэхущапіэхэр яухуами, лэжьакІуэбэм я Іуэху зэрыдэкІыным елІалІэ щыІэтэкъым. Иджы хуэдэу, заводхэм, фабрикэхэм я гъунэгъуу яухуэртэкъым школхэр, сабий садхэр, тыкуэнышхуэхэр, цІыхухэм я гъащІэр тынш ящІу.

Унэж Кашиф

КъищынэмыщІауэ, промышленнэ Іэнатіэм кърагъэблагъэрт хамэ щІыпІэхэм щыщ Іэщ Іагъэлі хэр, кърашалІэрт къуажэхэм щыпсэуэхэр. Абыхэм ящыщ куэдым иужькІэ псэупІэ яхуэхъуащ ди республикэр, абы и къалащхьэр. Ельцин Борис зи пашэ «демократ-хэкупсэхэм» къэралыр зэтрагъэщхэжьу промышленнэ Іуэхущапіэ куэд зэхуащІыжа нэужь, апхуэдэ Іэщ Іагъэлі цІыху минхэр (нэхъыбэр урыс лъэпкъым щыщу) щІыбым къыдэнащ, щІакхъуэ Іыхьэ къалэжьу я бын зэрагъэшхэн хэкІыпІэ ямыІэжу. Республикэм икІыжину Іэмал зыгъуэтахэр зэман кІэщІым къируубыдэу абы иІэпхъуэкІыжащ, адрейхэм лэжьыгъэ Іэнатіэ къалъыхъуэу гугъу ехьащ. Ди щІыналъэм и лъэпкъхэм я нэхъыбапІэр къуажэдэсхэти, ахэр жылэхэм къыдэнэжащ, зэрыпсэун Іэмал ямыІэу.

Къэрал унафэщІхэм ирагъэкІуэкІа апхуэдэ демографие, экономикэ мыжыжьапІъагъэм хъишащ армырами цІыху Іув зыщІипсэу ди щІыналъэм хамэ щІыпІэхэм къилэпхъуэкІаэхэри щетІысэхыныр. Абы и лъэныкъуэкІэ къыхэзгъэщІыпхъэщ ди жылэхэм ящыщ куэдым мы зэманым цІыху мини 10-м щІигъу зэрыдэсыр, къуажэхэм я гъунапкъэхэр зэхьхьэжьыным нэсауэ. Дигу къэдгъэкІыжынщи, хэт мыщхьэхми нобэр къыздэсым яГъэупІуй Къалмыкъ БетІал хуэзфІэкІащ лІэщІыгъуэ блэкІам и 20 гъэхэм жылэщІэу 30-м нэс игъэтІысын, демографием пыщІа Іуэхухэр тэмэму зэфІихыу. Ар экономикэ, политикэ я лъэныкъуэкІэ лъэбакъуэ пэжт. Иджырей ди къуажэхэм яхэтщ иныщэ хъуа, абы къыхэкІыу ди унафэщІхэм пкагъэкІын хуейщ жылэщхуэхэр зэхэгъэтІысыкІыным хуэщІа федеральнэ программэ ищхьэмкІэ къыщегъэщтэныр. Апхуэдэу мыхьумэ, КъБР-р социальнэ и лъэныкъуэкІэ къыщидыныр зыхуэІуа щІыкъым. НэгъуэщІ щІыналъэхэм щымызэгъа цІыху куэдыщэ ди республикэм къызэрыгагъэблэгъами къыишащ а щытыкІэ хьэлъэр. Яхуэмыбыдэ, мардэ зимыІэ ди «хьэщІагъэм» къытхуиишахэм ящыщщ игъащІэми адыгэ жылэу къэгъуэгурыкІуа куэдым ди лъэпкъэгъуэхр нэхъ мащІэ дыдэу дэсхэм халъытэ зэрыхъуари.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэу лъэпкъхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІахэм ящыщщ 1940 гъэм и фокІадэ маззм Тырныауз вольфрам-молибден комбинат зэрыщащхуар. Абы къыщІигъкІ продукцэм къэралпсо экономикэм зиужьыным увыпІэшхуэ щиубыдырт. Индустриализацэм и илъэсхэращ ди республикэр электроэнергиекІэ кьызэгъэпэща щыхуэныгъэм. 1936 гъэм яутІыпщауэ щытащ киловатт 25000 зи лъэщагъ Бахъсэн ГЭС-р. Абы кьилэжь электрокъарур зыхуриІэуу КъБАССР-м и закъуэтэкъым, атІэ Кавминводы щІыпІэхэри зэлъигъэІэсырт. Лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІащ гъуэгу-лъэмыж уХуэныгъэми мэкъумэш Іэнатіэхэр къэралым щыубзыхуа хабзэхэм, ауэ щыхъуэкІи кьилэжь мылъкур зэгъэззэхуэным и Іуэху хэлътэкъым. Къуажэдэс унагъуэхэм яІэну хуиттэкъым зы жэм зэщІэс, Іэщ цІыкІуу плІы нэхърэ нэхъыбэ. Шы, шыд жыхуэпІэхэр яІыгъыну хуитыныгъэ лъэпкъ яІэтэкъым, пхъэІэщІэ, нэгъуэщІ техникэ лІэужьыгъуэхэм я гугъу умыщІыххи. Зэгуэхьныгъэхэм кьалэжь, ябгъэдэлъ мылъку ирокъуми унафэ тезыщІыхьыну хуитыр ар зи Іэмыщ Іэ илъ колхоз е совхоз унафэщІэхэр.

Гъэщ Іэгъуэныракъэ, апхуэдэ щытыкІэ гугъум ит пэтрэ, мэкъумэшыщІэм зыІэригъэхьэфырт екъулІэныгъэ лъагэхэр. ГуащІэрыпсэухэм къахэкІырт я лэжьыгъэ хьэлэлкІэ къэралпсо цІэрыІуагъ зыгъуэтхэр, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь хьуэхэр, орденхэр, медалхэр зыхуагъэфащэхэр. Псалъэм папщІэ, Бахъсэн щІынальэм хьыхьэ Зеикъуэ къуажэм щІызэкъэ хозяйствэм зэман къыхуихуащ Іэщ цІыкІуу мин 30-м щІигъу, Іэщ щІыхъуэрэ адыгэ шы лъэпкъ лІэужьыгъуэу мини 10 бжыгъэкІэ щиІа. Совет властым и лъэхъэнэм а жылэм щыщу цІыхуиплІым хуагъэфащащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь цІэ лъапІэр. Апхуэдэхэт Бырс Анзор, Щоджэн ТІэлашэ, Къалмыкъ Хьэжмурат, БгъэжьнокъуэУ Хьэчим сымэ. Жэмыш пашэ Шурдым Лидэ иратауэ щытащ ГуащІэдэкІ ЩІыхьым и орденым и нагъыщэ псори.

Колхоз псоукІэр зэгуэхьныгъуэ щІэзыІэ я нэхъыбэ къыпщІащэхъуэн, ар цІыхубэм я гъащІэр езыгъэфІакІуэ Іэмал ехьэжьауэ яГъэІун папщІэ, хьилагъэм хуекІуэ щыІэт. МэкъумэшыщІэхэр колхозхэм, совхозхэм залымыгъэкІэ зэрылажьэхьам и гущІыІужкІэ, къызэрагъэпэщыну хуежьэрт хозяйствэ абрагъуэхэр. «Мэкъумэш-индустриальнэ гигант»-кІэ зэджа апхуэдэ колхоз ин къызэрагъэпэщащ щагъэІуат Джылахъстэней щІыпІэм. ЗэрыжаІэмкІэ, абы хэтт хозяйствэ мини 5 икІи яІэт щІыуэ гектар мини 114-р. Яныныкъуэ унафэщІхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр епхат Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщыту зы колхоз абрагъуэу ухуэныи.

Колхоз-совхоз ухуэныгъэм и тхыдэм кьигъэлъэгъуащ апхуэдэ псоукІэр къэкІуэну зимыІэ зэгуэхьныгъэ зэрыщытыр. Абыхэм кьыщІажь псори «къэралым и гуэным» яхуэгъэзэн (абы щыгъуэми цІыхубэр куэдым хуэныкъуэу) екъулІэныгъэ лъагэхэри щызэІэрагъэхьэми, щытыкІэ гугъум япэу щихуа зэманым, зэхъуэкІныныгъэхэм я лъэхъэнэм, ахэр зэтещхэхжащ. Ауэ щыхъуэкІи, ар ди тхыдэ блэкІащи, щІэблэр щыгъуазэ щІынхуейщ, апхуэдэ щыуагъэхэм иужькІэ къытрамыгъэзэжьын щхьэкІэ.

ЩЭНХАБЗЭ и лъэныкъуэкІэ къэралым игъуэта зыужьыныгъэм и гугъу пщІымэ, хъунукъым, лІэщІыгъуэ блэкІам и 20 - 50 гъэхэм къриубыдэу абыкІэ егъэлеяуэ зэхъуэкІыныгъэшхуэ цІыхубэм яГъэтауэ бгъэІуми. Жылпінурамэ, мис ар щэнхабзэ революцэ нэст.

1917 гъэм къэхъуа жылагъуэ-политикэ зэщІэхъеенныгъэхэм ирихьэлІэу Урысейм и цІыхубэр нэхъ щІэныгъэншэу ялытэтэхэм ящыщт, зызыужьа къэралхэм еплъытмэ, абы и гъунэхэм щыпсэу цІыхубэм я гугъу умыщІыххи. Къапщтэмэ, къэбэрдей, балъкъэр жылэхэмя я цІыхубэм щІэныгъэ гуэри абгъэдэлъакъым абы щыгъуэ. Мыбдеж къыхэщІыпхъэщ мыпхъэхуэдэ зы Іуэхугъуэ: щІэныгъэ ди лъэпкъхэм зэрабгъэдэмылъам теухуауэ я лъэхъэнэм большевикхэм кьахьа бжыгъэхэри процентхэри пэжу къэплъытэ хъунукъым, сыту жыпІэмэ абыхэм емыджэфырмэ мытхэфырмэ я бжыгъэм хагъэхьащ хьэрыпибзэм хуэшэрыуэ адыгэхэри балъкъэрхэри. Дыззрыщыгъуаззщи, абыхэм ящыщ куэдым фІы дыдэу хьэрыпибзэр ящІэрт. Ауэ щыхъуэкІи, ди цІыхубэм я процент 95-р щІэныгъэншэт. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, щІэныгъэм я Іэнатіэхэр, курыт школхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ зэрыдимыІар шэч къызытумыхьэщ.

Сыт хуэдизу большевикхэм датемыхьуящІыхьми, илъэсипщІ бжыгъэхэм кьриубыдэу абыхэм яхуэзфІэкІащ лъэпкъ щІынальэхэм щэнхабзэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щІэныгъэ Іуэхущапіэхэр къыщыззрагъэпэщын. Адыгэхэм, балъкъэрхэм я литературэ,тхыбзэ яІэ хъуащ, лъэпкъ интеллигенцэкІэ дызэджэ Іэщ Іагъэлі хэр хэкум къитэджащ. Абы кьищыныэмыщІауэ, ди лъэпкъ мащІэхэм ящыщ щІалэгъуалэр хэхауэ щрагъэджащ къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыфІхэм, лъэпкъ Іэщ Іагъэлі-кэр щІынальэхэм хуагъэхьэзыру. Щэнхабзэмрэ щІэныгъэмрэ щІыпІэхэм нэхъ щІэхуэ зыщІауэ щыныкІэ дэІэпыкъуэгъу къытухэхъуат лъэпкъыщхьэхэм къахэкІа Іэщ Іагъэлі хэр, псом япэу я щІэ къиІуапхъэщ урыс, украин, куржы лъэпкъхэм ящыщхэм.

КъыхэгъэщІапхъэщ, адрей унэтІныгъэхэми хуэдэу, щэнхабзэ уХуэныгъэми егъэлеиныгъэ, щыуагъэ зэрыхэлъар. Абыхэм я нэхъыщхьэщ дынымрэ къэралымрэ зэпэщхьэхуэ ящІауэ, уеблэмэ зэпэщІагъэуваУэ зэрыщытар. «Диныр щыхуабэм я щхьэр зыгъэназзэ, я гупсысэр зэтезыху щхъухьщ» («Религия опиум для народа») къыхуеджэныгъэм щІэту сыт хуэдиз дин лэжьакІуэ, фІэщхъуныгъэ зыхэлъ кьыззрыгуэкІ цІыху Іэщ Іэкіуэда абы щыгъуэ ящІыгъэ зэрыхэлъ? Архитектурэ, тхыдэ фэеплъу зэтракъутари мащІэкъым. Къулейхэм къахэкІахэр, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэр гугъу ирагъэхьыпт, щІэныгъэр Іэщ Іагъэзрэ щызрагъэгъуэткІэ, лэжьыгъэ Іэнатіэ щыукІэ, къэрал, жылагъуэ къулыкъуэхэм щыпэрыувэкІэ.

Ауэ щыхъуэкІи, щэнхабзэ ухуэныгъэ и лъэныкъуэкІэ къэралым ича лъэбакъуэр къыпхуэмылъытэным хуэдизт. Ди лъэпкъхэм къахэкІа цІыху куэд цІэрыІуэ щыхъуащ щэнхабзэми, гъуазджэми, щІэныгъэми, литературэми. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Темыркъан Юрэ, Къумахуэ зэшхэр, КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Энеев Тимур, Зумакуловэ Танзиля, Балъкъэр Фоусэт, нэгъуэщІхэри.

Щэнхабзэм къыщыхъуа зэхъуэкІныныгъэшхуэхэм я щапхъэ наІуэщ, къыщІэкІ, къыщІэкІ. Зеикъуэ жылэр. Абы къыщэкІащ республикэми къэралми цІэрыІуэ щыхъуа щэныгъэлІэхэр, егъэджакІуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лъэбакІуэхэр. ЩІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я докторрэ профессору жылэм къыдэкІащ цІыху 42-рэ. ЩІэныгъэхэм я кандидатхэм я бжыгъэр 300-м щІегъу. Абыхэм ящыщщ Нэхущхэ Іэдэмрэ Викториерэ, Шурдымхэ Гъэзалийрэ Барэсбийрэ, Щауэхэ Мухьэмэдрэ Абубэчыррэ, Сэбаншы Хьусен, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Къэрмокъуэхэ Ахьмэдрэ Хьэчимирэ, Ашэбокъуэ Борис, Унэжхэ Хьэсэнрэ Кашийфрэ, нэгъуэщІхэри. Къэралбийрэ Борисрэ, Шурдым Хьэжмурат, Къуэдзокъуэ Пев, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Мэжджыхь Эдуард, Шыд Хьусен сымэ я цІэхэр. ЦІыхубэм фІыуэ яІэгъуащ ГъуазджэмиИ и лэжьакІуэ цІэрыІуэхэу Нэхущ Чэрим, Щомахуэ Хьэсэнбий, Лосэн Тимур, Хьэмырзэ Ахьмэд, Согуэ Данил сымэ. Зеикъуэдэсхэр игроугушуэ я жылэм къыдэкІа политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэхэм, генералхэмрэ полковникхэмрэ. А къуажэращ зыщыщІыр УФ-м и Хьэзыбжь палатэм и япэ тхьэмадэу, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ щыта, политик цІэрыІуэ Бесэрмокъуэ Хьэчим, КъБАССР-м и Правительствэм и пашэу илъэс 15-кІэ зэрыщыта Къуацкъуэ КІыщыкъуэ...

АРАЩИ, илъэси 100 и пэкІэ екІуэкІауэ щыта социалист революцэм цІыху мелуанхэм я гъащІэр ихъуэжащ. Яныныкъуэхэм я дежкІэ ар дунейкъутэжт, насыпнишагъэ инт, адрейхэм ар кьахущІэкІащ гъащІэщІм и щІэдзапІэ нэхуу. А къэхъукъащІэхэм цІыху куэдым я псэм къыщагъэушащ лъапІэныгъэщІэхэр, псэуныгъэм и гуэрхэщІэхэр. Апхуэдэуи цІыху гъащІэ куэд зэтекъута хуэщІ, лъэпкъ мымащІэми я хабзэхэр, щэнхабзэхэр Іэщ Іагъэхуащ, ахэр гъащІэщІэм пэщІэуэу къалъытэри.

А псори щыІащ. Ар дэ ди тхыдэщ. Абы епхауэ кІэщІу сытепсэльыхьынут цІыху щхьэхуэм и тхыдэм щиубыдэ увыпІэм. Хрущёв Никитэ и зэман лъапІэрэ къокІуэкІ Сталин Иосиф гъэупІуиныр. А жэрдэмыр къыщапхъэщтащ къэралым и щІынальэхэм икІи зэрахуэзфІэкІкІэ тохъущІыхь, яГъэупІий лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ди къэралым и унафэщІу щытахэм я щІэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэм хокІуадэ цІыхухэр, унафэщІхэми яІэщІокІ щыуагъэхэр, мылъкуКІи хэщІныныгъэхэр щыщІыщІ. НэгъуэщІ къэхъурэ? Большевизмэри апхуэдэ хабзэращ зытетар.

Сталиным и гугъу пщІымэ, ар политикІыщхуэу, цІыху акъылыфІэу щытащ. Кьыдгуроіуэ икІи гурэ псэкІэ зэхьдощІыкІ зи благъэ, Іыхьлы зыфІэкІуэдэхэм я гурыщІэхэр. Лениным къуаншагъэу нэхъ мащІэ зэрихьа? СыззригурыгъэмкІэ - хьэуэ. Сталиным, большевизмэм и бий гуащІэхэм ящыщ Черчилль Уинстон зэрыжиІамкІэ, Урысейр пхъэІэщэм къыІэщІихри, ядернэ Іэщэ зиІэ къэралыгъуэ лъэщ ищІыфащ. Нэхъыжьхэм ящІэж абы и тетыгъуэм къэралым экономикэ, щэнхабзэ, щІэныгъэ, дзэрэ флотрэ я лъэныкъуэкІэ зыужьыныгъэу игъуэтар зыхуэдизыр.

Къалмыкъ БетІал теухуауэ жыслІэнуращи, бгъэдэлъа щыщІэныгъэ псоми къадэкІуэу, ар и щІынальэм, и цІыхубэм я къуэ пэжт, хэкупсэ нэст, хахуагъэрэ лІыгъэрэ бгъэдэлъу, бэм яфІ къызэрыкІ Іуэхугъуэхэр пхигъэкІыфу. Апхуэдизу гурэ псэкІэ зыхуэлэжьа, къулыкъу пэж зыхуиІа совет власт иращ Къалмыкъыр зыІэщІэкІуэдэжари. Езы Совет къэралыгъуэри зэуззэпсэу лъэпэжащ, абы епха гукъэкІыжхэр кьанэри.

УНЭЖ Кашиф,
философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

ЩІымахуэ уардэунэм революционерхэр йобгъэрыкІуэ.

Граждан зауэм и зы теплъэгъуэ.

Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ

(КІэуухыр. Пэщ1ядзэр 1-нэ нап. итщ)

Япэ дунейпсо зауэр кэхъея иужькІэ Урысейр Антантэм хэту абы хыхьащ, зригъэхъулІэну зыхущІэкъуэр мыгурыІуэгъуэу. Арщхьэкіэ аргуэрыжьу хуэхьэзыртэкъыми, Австро-Венгриемрэ Германиемрэ я дзэхэм щыпІэ псоми къыщыхагъащІэрт: Николай ЕтІуанэм зауэ Іэхуэхэм хищыкІыртэкъым, генералхэри (Брусиловыр хэмыту) зэфІэкІынщэт. Ар яхуэхьакъым цІыхубэм. Къалэхэм, псом хуэмыдзу Москварэ Петроградрэ, я уэрамхэм мин бжыгъэкІэ къыдыхьэрт цІыху мэжэщІалІэхэр. ЦІытыкІэр апхуэдизкІэ хэпльэгъуэти, Николай ЕтІуанэм пащтыхьыгъуэр зыщъхьащихьи хуей хъуащ.

Дэкъуэзыныгъэ ткІийм лІэщІыгъуэ куэдкІэ щІэта къэралыр тыншу бэуэкащ. ЦІыхухэр хуит хъуащ пэкІухэр ирагъэкІуэкІыну, ягу ильэкр кІаІуатэу псэльэну, хэхьныгъэхэм хэтыну, гуфІэгъуэхэр ягъэпэлІэну. Буржуазие республикиэр зэрызыщытхъуж нэгъуэщІльапІэныгъэ кьыззэрыгуэкІхэр ялэт. Арщхьэкіэ цІыхухэм я нэхъыбэм я псэукІэр зэрыщытауэ кьэнащ. Абыхэм гу гъатакъым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр къэхъуауэ. Аращ къахуихьар 1917 гъэм екІуэкІа Мазае (Февраль) революцым. ПІалъэкІэ яГъэува правительствэм хагъэхьахэр щІэ гуэри хуэмей лІакъуэлІэшхэмрэ зэхъуэкІныныгъэ кууэм щышынэ, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ политикэм хэпща хъуа цІыхухэмрэт. НэгъуэщІ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр Милюковыр и кІуЛыкъум тепкІын хуей хъуащ Урысейм Антантэм и пащхьэм пщэрылъ зыщыщищІыжа кьалэн псори игъэззэщІэну жиІа иужь - рабочэхэм, мэкъумэшыщІэхэм, сэлэтхэм я депутатхэм я Совет кьыззэрагъэпэщащэм апхуэдизу ткІийуэ кьагъуавт. МыльКур зейхэм къаХуэнэжащ. Я мыгъуагъэти, зэман дэкІри, правительствэм и унафэщІ хъащ и гъащІэ псом артистыгъэм щІэхъуэпса, ауэ политикэм зэрымыщІэкІэ къыхэхута Керенский Александр. Жэпуэгъуэр къэблагъэрт. Советхэм (ахэр большевикэм я унафэм щІэуват) я пашэу зыкъэзыІэтахэм яубыдырт фабрикэхэр, заводхэр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ахэр ЩІымахуэ уардзунэм кьыхуэблагъарт. Къэхъуар кьыщыгурыІуэм, Керенскэм нэхъ кІыщтащ лъэныкъуэ зригъэзмэ...

Іэмалыншэт Граждан зауэр?

ДЭ А ПСОМИ нэхъ убгъуауэ я гугъу щІэтщІыр, школхэм тэмэму зэрыщрамыгъэджам кьыхэкІыу, блэкІам щІэблэр щыдгъэгъуэзэн мурадкІэщ. Адэкіэ кьэхъуам нэхъ кІэщІ зэдгъэщІми хъунущ. 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м (жьымкІэ) и жэщым къащтащ тынш дыдэу правительствэр зыщІэс ЩІымахуэ уардзунэр-ар зыхъумар цІыхубэ фочауэ гуп цІыкІурэ юнкерхэмрэщ. Министрэхэр я унэ яГъэкІуэжащ (иджы языныкъуэ тхьидджэхэм яГъэПысауэ жаІэ). ИльэсищІэ зэрырикъуар дгъэлъапІэ Октябрь социалист революцэ иныр текІуащ. Рабочэ партым и узэщІакІуэ Ленин Владимир зи унафэщІ правительство (ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет) кьызэрагъэпэщащ. Урысей къэралыгъуэшхуэр тхьидэщІэ хьыхащ.

Лъэпкъ цІыкІухэм я ІутІыжт

АМЕРИКАН журналист Рид Джон а махуэхэм «Дунейр зыгъэзджыдзжа махуитщІ» псалъащ1эхэм щІэту игъэхьэзыра репортажхэм (иужькІэ тхьилъ щхьэхуэу кьыдэкІащ) псом хуэмыдзу Іупщіу кьаІуэтэж кьэхъуар: ягъащІэм планетэм щымыІа кьэрал кьызэрагъэпэщащ, «Заводхэмрэ фабрикэхэмрэ - рабочэхэм, щыр - мэкъумэшыщІэхэм» кьыхуеджэныгъэм щІэту. ЛІакъуэлІэшхэм я ефІэкІыныгъэр щхьэщахащ, цІыху псори хуитныгъэкІэ зэхуэдэ хъуащ, кьызыхэкІами зыщыщ лъэпкъми емылъытауэ. Большевикхэм ябзыщІырыткъым дунейпсо революцэм зэрыщІэбзыныгур. Дауи, абы хуабжьу игъэгужьеящ империалистхэр: езыхэм я деж апхуэдэ кьыщыхъункІэ шынати, цІыхухэм я псэукІэр езыгъэфІакІуэ реформэщІэхэр ирагъэкІуэкІащ. Дипломатиэ зэпыщІэныгъэхэр мыгувэу кьызэпаудащ, къэралыщІэм лъакъуэ кьыпщІадзу хуежьащ. Октябрь революцэр лъыГъажэншэу зэфІэкІат, ауэ США-мрэ КъухьэлІэмрэ кьадэІэпыкъуурэ, къэунэхуа хужь зэщІэхьеенныгъэ кьежьащ, иужькІэ къагъэкІуащ езыхэм я дзэхэри. Апхуэдэ щыкІэкІэ къэхъеящ цІыху куэд дыдэ зыхэкІуэда Граждан зауэ лъапсэрыхьр. Къэунэхуа къэралыщІэр япэщІэувэн хуей хъуащ Іэщ1ащІэ дыдэжмкІэ зэщІэузэда бийхэм. Ахэр къащебгъэрыкІуэрт лъэныкъуэ псомкІи. КъуэкІыпІэ Жыжьэм щытепщэрт къэгушхуа Япониер, кьухъэпІэр яІэщІыхьат зэрыпхъуакІуэхэм, езы щІынальэм Сбыбрымкіэ къыщебгъэрыкІуэрт адмирал Колчак и дзэр. Арщхьэкіэ Лениныр зи пашэ большевикхэр кьыщІэкІащ яхуимыдгьин къаруэ. Гъэщ1эГъэунэщ, ауэ псэззэпылъхьэпІэ ихуа къэралыщІэм и унафэщІэр а зэманми егупсысырт зэкъуІэнym. Инджылыз фантаст Уэльс Герберт Уэсийм кьыщыкІуам, Ленин Владимир хуэзащ. «Урысейр кІыфІыгъэм хэпщ» тхьилъыр иужькІэ зытхьжам и фІэщ хъуртэкъым илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу Урысейм сыт и лъэныкъуэкІи кьэпхуэмыщІыхьужыну зэрызэиужьынym теухуауэ Ленным кьыжриІахэр, абы къыхэкІыу ар езым нэхърэ нэхъ фантастышхуэу кьилъытат. Ари зы лъэхъэнэти блэкІащ, СССР лъэщыр кьызэрагъэпэщащ.

Большевикхэм ягъэзэщІащ кьызэрагъэгугъар - лъэпкъхэр зэхуэдэ хъуащ. Псом хуэмыдзу куэд хуащІащ цІыху бжыгъэкІэ нэхъ мащІэхэм. Абыхэм я щыналъхэхэм автономие иратащ, тхьібзэр - цивилизацэм и фІыгъуэ нэхъыщхьэр - яІэ къуащ. ХэкІуэдэжьынымрэ, нэса лъапкъ цІыкІуэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, зыкъаужьыжащ, уебгъэмэ, зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэхэм яхьихащ. Ар зэрекІуэкІам ХэкІуэдэжьынымрэ, нэса лъапкъ цІыкІуэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, зыкъаужьыжащ, уебгъэмэ, зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэхэм яхьихащ. Ар зэрекІуэкІам ХэкІуэдэжьынымрэ, нэса лъапкъ цІыкІуэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, зыкъаужьыжащ, уебгъэмэ, зыужьынымрэ и лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэхэм яхьихащ. Ар зэрекІуэкІам щІэблэр щыдгъэгъуэзэн мурадкІэщ. Адэкіэ къэхъуам нэхъ кІэщІ зэдгъэщІми хъунущ. 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м (жьымкІэ) и жэщым къащтащ тынш дыдэу правительствэр зыщІэс ЩІымахуэ уардзунэр-ар зыхъумар цІыхубэ фочауэ гуп цІыкІурэ юнкерхэмрэщ. Министрэхэр я унэ яГъэкІуэжащ (иджы языныкъуэ тхьидджэхэм яГъэПысауэ жаІэ). ИльэсищІ зэрырикъуар дгъэлъапІэ Октябрь социалист революцэ иныр текІуащ. Рабочэ партым и узэщІакІуэ Ленин Владимир зи унафэщІ правительство (ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет) кьызэрагъэпэщащ. Урысей къэралыгъуэшхуэр тхьидэщІэ хьыхащ.

Лъэпкъ цІыкІухэм я ІутІыжт

АМЕРИКАН журналист Рид Джон а махуэхэм «Дунейр зыгъэзджыдзжа махуитщІ» псалъащ1эхэм щІэту игъэхьэзыра репортажхэм (иужькІэ тхьилъ щхьэхуэу кьыдэкІащ) псом хуэмыдзу Іупщіу кьаІуэтэж кьэхъуар: ягъащІэм планетэм щымыІа кьэрал кьызэрагъэпэщащ, «Заводхэмрэ фабрикэхэмрэ - рабочэхэм, щыр - мэкъумэшыщІэхэм» кьыхуеджэныгъэм щІэту. ПІалъэкІэ яГъэува правительствэм хагъэхьахэр щІэ гуэри хуэмей лІакъуэлІэшхэмрэ зэхъуэкІныныгъэ кууэм щышынэ, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ политикэм хэпща хъуа цІыхухэмрэт. НэгъуэщІ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр Милюковыр и кІуЛыкъум тепкІын хуей хъуащ Урысейм Антантэм и пащхьэм пщэрылъ зыщыщищІыжа кьалэн псори игъэззэщІэну жиІа иужь - рабочэхэм, мэкъумэшыщІэхэм, сэлэтхэм я депутатхэм я Совет кьызэрагъэпэщащэм апхуэдэу ткІийуэ кьагъуавт. МыльКур зейхэм къаХуэнэжащ. Я мыгъуагъэти, зэман дэкІри, правительствэм и унафэщІ хъащ и гъащІэ псом артистыгъэм щІэхъуэпса, ауэ политикэм зэрымыщІэкІэ къыхэхута Керенский Александр. Жэпуэгъуэр къэблагъэрт. Советхэм (ахэр большевикэм я унафэм щІэуват) я пашэу зыкъэзыІэтахэм яубыдырт фабрикэхэр, заводхэр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ахэр ЩІымахуэ уардзунэм кьыхуэблагъарт. Къэхъуар кьыщыгурыІуэм, Керенскэм нэхъ кІыщтащ лъэныкъуэ зригъэзмэ...

Революцэм хэтхэм Кремлыр яубыд. *1917 гъэ Сурэтыр* **Юон К.Ф.** *ищІащ.*

ХъыбарыщІэхэмрэ жэмыщІэхэмрэ

● Апхуэди щыІащ

Коммунизмэр щыдухуэ зэманым (ар ди фІэщ дыдэ ящІат), 60 гъэхэрт ар щхьэтечу зыхуэзэр, КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретарь Хрущёв Никитэ езыр кьыщалъхуа кьуажэм кІуэжат лъагъунльагъу.

ДАУИ, абы гуфІэгъуэшхуэкІэ кьыпежьащ - хуэфэщэн дауэдапщэхэр хуаІэтащ. Езыри щІэупщІащ къуажэдэсхэм я псэукІэ-щыІэкІэм. Зыщагъэгъуэзахэм ящыщу нэхъ хьэлэмэт щыхъуащ жьлІэм щыпсэуэхэм езыхэм я жэмхэр я бохэм зэрыщамыІыгъыжыр: фермэхэм иратауэ ахэр щагъашхэ, кьыщащ, шэр пщэдджьжькІэрэ зейхэм я кьыхуэщ.

Къэралым и Іэтащхьэм кьиІупІащ ар цІыхухэр «кьэкІуэну псэукІэ нэхум» хуэзышэ зы Іэмалу. Ар Хрущёв щыжиІащ партым и ЦК-м и пленумым. Арати, Іуэхур ирахьэжащ: щапхьэфІым къэрал псом зыщегъэубгъун хуейт. ПыІэ кьэхь, жаІэмэ, щхьэр яхьу еса парт кьуЛыкъущІэхэр Іуэхум жыджэру еувэлІащ. Иджы мэкъумэшыщІэр хуитыжтэкъым жэм и пщІантІэ дигъэтыну. Арати, ежьащ...

Ауэ ар щапхьэфт? ИгъащІэ лъандэрэ кьуажэдэсыр есат езым и пщІантІэм Іэщ щиІыгъыжу. Уеблэмэ, и кьулеягъыр здынэсыр кьызэрапщытэр абы и бжыгъэр зыхуэдизырт. ЕтІуанэрауэ, лэжьакІуэжьым пхужьмыІэн хуэдиз дэрэжэгъуэ кьритырт а Іэщыр зэрызэрихьэм. Ар хуейтэкъым езым и жэмхэр нэгъуэщІхэм кьашу, ар ягъашхэу. Мыбдежьым Іуэхур «етІуанэ колхозым» щыхуэкІуэрт.

Хьэлэбэлыкъышхуэ кьикІащ. Парт кьулыкъущІэхэр фІэкІ хъунутэкъым езыхэм я «адэм» кьарита уазым. Мыдрейхэр хуейтэкъым ар зэрязэщІэну.

60 гъэхэм псэуахэм иджыри яцыгъупщэжакъым ар зэрекІуэкІар. Хэбгъэзыхьмэ, кьалэн хуагъэувам зэрыпэмыльэщым кьыхьэкІыу, я кьулыкъум трагъэкІа парт лэжьакІуэхэри щыІащ.

Къэралым и Іэтащхьэм и жэрдэмыр дэІыгъыным, зэрыгурыІуэгъуэри, жыджэру хьыхат газетхэр. Радиом и «жьэр» увыІэтэркъым. Абы щыгъуэм Шэджэм Езанэм щыпсэу лыжь Іуэрыіуэдз Алъхъэс Цумаш жиІауэ щыта ауанЩІ псалъэхэр Къэбэрдей псом щызэпльащІысауэ щытащ: «ХъыбарыщІэхэр ныдот, фи жэмыщІэхэр къыдэфт!»

Парт, совет органхэм я текъуэзныгъэкІэ щІынІэщІыпІэхэм кьуажэдэс унагъуэхэр техьащ а «щІэм». Арщхьэкіэ, нэгъуэщІ жэрдэм телъыджхэми хуэдэу, ари ужьыхьжауэ щытащ, зыри кьыщимыкІым, коммунизмэр хуэунми щІэгъэкъуэн хуэхъуфакъым...

АФІЭУНЭ МэчрэІиЛ

● Футбол

Япэ къекІуэкІыгъуэр ехъулІэныгъэкІэ яух

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Академия» (Дон Іус Ростов) - 3:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкІуэгъуэм и 4-м. ЦІыху 400 еплъащ.

Судьяхэр Шафеев, Даниленкэ (ГІури Волгоград щыщІ), Жолобов (Волжский).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Абазэ, Шахтиев, Жылэ (Тебэрды, 65), Каркаев, Мэшыкъуэ, Пащты, Миронов (Магомадов, 76), Медников (Ахриев, 68), Гугуев (Ашуев, 86), ПІуп (Алиев, 46).

«Академия»: Будко (Сафронов, 62), Федотов, Ермаков (Гулевский, 74), Бастрон, Ходунов (Донсков, 52), Захаров, Кормишин, Бастов, Кузнецов, Седов (Николаев, 59), Далиев.

Топхэр дагъэкІащ: ПІупым, 8 (1:0). ПІупым, 42 (2:0). Гугуевым, 70 (3:0).

Дагъуэ кьыхуащІащ Каркаевым, Гугуевым, Бастрон.

ИУЖЬ джэгуГъуэхэм зэкІэлъхъэжьку щытекІуэу Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «ИпщэІ» гупым и турнир таблицэм хэпщІыкІыу щыдзкІуэтэя Дон Іус Ростов и «Понедельник Виктор и цІэр зезыхъэ академие»-м и топджэгу щІалэщІэхэр Налшык кьэкІуат я ехъулІэныгъэхэм кьыпащэн я мураду. Арщхьэкіэ Мэзкуу и «Спартак»-м драгъэкІэжьа зэІуащІэм и ужькІэ зыкъэзэуужьажьа налшыкдэсхэми гукъыдэж хьарзынэ ягъуэтыжат икІи я зэфІэкІкІэ здынэсыр Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и щІэблэр щыпашэхэм блэкІащ, СССР лъэщыр кьызэрагъэпэщащ.

Большевикхэм ягъэзэщІащ кьызэрагъэгугъар - лъэпкъхэр зэхуэдэ хъуащ. Псом хуэмыдзу куэд хуащІащ цІыху бжыгъэкІэ нэхъ мащІэхэм. Абыхэм я щыналъхэхэм автономие иратащ, тхьібзэр - цивилизацэм и фІыгъуэ нэхъыщхьэр - яІэ къуащ. ХэкІуэдэжьынымрэ, нэса лъапкъ цІыкІуэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, зыкъаужьыжащ, уебгъэмэ, зыужьынымрэ и лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэхэм яхьихащ. Ар зэрекІуэкІам щІэблэр щыдгъэгъуэзэн мурадкІэщ. Адэкіэ къэхъуам нэхъ кІэщІ зэдгъэщІми хъунущ. 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м (жьымкІэ) и жэщым къащтащ тынш дыдэу правительствэр зыщІэс ЩІымахуэ уардзунэр-ар зыхъумар цІыхубэ фочауэ гуп цІыкІурэ юнкерхэмрэщ. Министрэхэр я унэ яГъэкІуэжащ (иджы языныкъуэ тхьидджэхэм яГъэПысауэ жаІэ). ИльэсищІ зэрырикъуар дгъэлъапІэ Октябрь социалист революцэ иныр текІуащ. Рабочэ партым и узэщІакІуэ Ленин Владимир зи унафэщІ правительство (ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет) кьызэрагъэпэщащ. Урысей къэралыгъуэшхуэр тхьидэщІэ хьыхащ.

Жьыкъэм щытепщэрт къэгушхуа Япониер, кьухъэпІэр яІэщІыхьат зэрыпхъуакІуэхэм, езы щІынальэм Сбыбрымкіэ къыщебгъэрыкІуэрт адмирал Колчак и дзэр. Арщхьэкіэ Лениныр зи пашэ большевикхэр кьыщІэкІащ яхуимыдгьин къаруэ. Гъэщ1эГъэунэщ, ауэ псэззэпылъхьэпІэ ихуа къэралыщІэм и унафэщІэр а зэманми егупсысырт зэкъуІэнym. Инджылыз фантаст Уэльс Герберт Уэсийм кьыщыкІуам, Ленин Владимир хуэзащ. «Урысейр кІыфІыгъэм хэпщ» тхьилъыр иужькІэ зытхьжам и фІэщ хъуртэкъым илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу Урысейм сыт и лъэныкъуэкІи кьэпхуэмыщІыхьужыну зэрызэиужьынym теухуауэ Ленным кьыжриІахэр, абы къыхэкІыу ар езым нэхърэ нэхъ фантастышхуэу кьилъытат. Ари зы лъэхъэнэти блэкІащ, СССР лъэщыр кьызэрагъэпэщащ.

Большевикхэм ягъэзэщІащ кьызэрагъэгугъар - лъэпкъхэр зэхуэдэ хъуащ. Псом хуэмыдзу куэд хуащІащ цІыху бжыгъэкІэ нэхъ мащІэхэм. Абыхэм я щыналъхэхэм автономие иратащ, тхьібзэр - цивилизацэм и фІыгъуэ нэхъыщхьэр - яІэ къуащ. ХэкІуэдэжьынымрэ, нэса лъапкъ цІыкІуэм, адыгэхэри балъкъэрхэри яхэту, зыкъаужьыжащ, уебгъэмэ, зыужьынымрэ и лъэныкъуэкІэ къэралым щыпашэхэм яхьихащ. Ар зэрекІуэкІам щІэблэр щыдгъэгъуэзэн мурадкІэщ. Адэкіэ къэхъуам нэхъ кІэщІ зэдгъэщІми хъунущ. 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м (жьымкІэ) и жэщым къащтащ тынш дыдэу правительствэр зыщІэс ЩІымахуэ уардзунэр-ар зыхъумар цІыхубэ фочауэ гуп цІыкІурэ юнкерхэмрэщ. Министрэхэр я унэ яГъэкІуэжащ (иджы языныкъуэ тхьидджэхэм яГъэПысауэ жаІэ). ИльэсищІ зэрырикъуар дгъэлъапІэ Октябрь социалист революцэ иныр текІуащ. Рабочэ партым и узэщІакІуэ Ленин Владимир зи унафэщІ правительство (ЦІыхубэ Комиссархэм я Совет) кьызэрагъэпэщащ. Урысей къэралыгъуэшхуэр тхьидэщІэ хьыхащ.

Жьыкъэм щытепщэрт къэгушхуа Япониер, кьухъэпІэр яІэщІыхьат зэрыпхъуакІуэхэм, езы щІынальэм Сбыбрымкіэ къыщебгъэрыкІуэрт адмирал Колчак и дзэр. Арщхьэкіэ Лениныр зи пашэ большевикхэр кьыщІэкІащ яхуимыдгьин къаруэ. Гъэщ1эГъэунэщ, ауэ псэззэпылъхьэпІэ ихуа къэралыщІэм и унафэщІэр а зэманми егупсысырт зэкъуІэнym. Инджылыз фантаст Уэльс Герберт Уэсийм кьыщыкІуам, Ленин Владимир хуэзащ. «Урысейр кІыфІыгъэм хэпщ» тхьилъыр иужькІэ зытхьжам и фІэщ хъуртэкъым илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу Урысейм сыт и лъэныкъуэкІи кьэпхуэмыщІыхьужыну зэрызэиужьынym теухуауэ Ленным кьыжриІахэр, абы

Хьэсанэ Мурат и текІуэныгъэ

● ММА

Тольятти къалэм дэт «Лада-Арена» спорт комплексым щекІуэкІащ ММА спорт лІэужьыгъуэмкІэ зи чэзу дунейпсо зэхьэзэхуэр. Абы щыхэуащ Налшык щыщ Хьэсанэ Мурат.

«ЕДИНСТВО» спорт клубым зыщызыгъасэ адыгэ щІалэр Іуащ1ащ Санкт-Петербург кьикІа «Самбо-Питер» клубым щыщ Хмарэ Александр.

ЗэІуащІэм и япэ Іыхьэм зэрыщІидзэу Хьэсанэм и хьэрхуэрэгъуэм и пщэр фІиубыдыкІри, 31-нэ секундым ирихьэлІэу зригъэтащ. Иджырей зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу Мурат зэІуащІиплІ иригъэкІуэкІати, псоми хуХаха зэманыр и кІэм нэмыс щІыкІэ текІуэныгъэкІэ къыщихьащ.

Спорсмэныр ягъасэ тренер цІэрыІуэ Мамхэгъ Хьэчим.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Бэнэкіэ хуит

НыбжьыщІэхэм я зэфІэкІ

Дзэлыкъуэ район администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Щокъуий Іэминэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу Сэрмакъ къуажэм и физкультурэзыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм бэнэкІэ хуитымкІэ я зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ 2002-2010 гъэхэм къалъхуахэр, я ныбжь ельытауэ гупищу гуэшауэ. Ар къызэІуихащ икІи кьрихьэлІэхэм хъуэхъу псалъэхэмкІэ захуигъэззащ. Дзэлыкъуэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Вындыкъ Резуан.

Бэнакіуэ щІыкІуэм зэфІэкІ хъарзынэ къагъэлъэгуащ. ФІым я фІыжхэу къалъытащ Бжьахъуэ Ратмир (килограмм 22-рэ зы хьэлъагъэхэм я деж), Уэртэн Рэсим (кг 25-рэ), Мэремщауэ Алихан (кг 28-рэ), Бжэныкіэ Тимур (кг 30), Уэртэн Руслан (кг 32-рэ), Махуэ Алъхъэс (кг 35-рэ), Мэремщауэ Инал (кг 38-рэ), Токъмакъ Умарбэч (кг 42-рэ), Емызэш Ислъам (кг 46-рэ), КІуэкІуэ Руслан (кг 50), Мер Аскэр (кг 46-рэ), Есэнкъул Руслан (кг 50), Къунныжь Рэмэзан (кг 54-рэ) сымэ.

Текіуахэмрэ кьыхэжаныкІахэмрэ медалхэр, дипломхэр, саугъэтхэр иратащ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Зэпеуэ

Жамборэ Аслъэн Іэ хуэдвгъэІэт

«ЦІыхубэ участковэ» Урысейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэр йокІуэкІ.

«КОМСОМОЛЬСКАЯ правда» издательствэм и сайтым Іэ1этыр щэкІуэгъуэм и 10 пщІондэ щекІуэкІынущ, абы фыхэтын папщІэ социальнэ сетхэм я зым фихьэу зэпеуэхэм щыщу фызыхуейр кьыхэфх хъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьыбгъэдэкІыу кІэух зэпеуэм хэтщ республикэ зэхьэзэхуэм щытекІуа, Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и участковэ уполномоченэ, полицэм и капитан Жамборэ Аслъэн Натбий и къуэр.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм республикэм щыпсэуэхэр кьыхуреджэ ди лъахэгъуэм Іэ хуаІэтыну.

Іэ щаІэт напэкІуэцІыр - https://www.stav.kp.ru/daily/26750/3780121/.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъудзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэтым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыныкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епТыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутныныгъэр хъунэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэтэ ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.423● Заказ №1406